Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

# ИУДЗИНАД

Форум осетинских фамилий

№ 4 июнь 2016 года
№ 4 2016 азы хурхæтæны мæй

Газета Северо–Осетинского республиканского общественного движения “Иудзинад”
Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд “Иудзинад”–ы газет

## Номыры:

4 ХЪÆППÆРИС “Ирон дæн æз!”
8 КОНКУРС-ÆРКАСТ Нæртон сæрæнгуырдты ерыс
12 ТАУРÆГЪ Иры фарн æмæ Иудзинады мæсыг

# ”Иудзинад”-ы дыууæ азы: фыццаг къахдзæфтæ ныфс дæттынц

**Дыууæ азы размæ Ирыстоны фæзынд ног иугонд - æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”. Ахæм æхсæнад саразыны хъæппæрис равдыстой национ форум ”ALANIA”-йы делегаттæ. Уыцы уæрæх æмбырды ирон мыггæгты минæвæрттæ æрныхас кодтой Ирыстоны æхсæнадон царды ахсджиагдæр фарстатыл. Уæд форумы цы уынаффæтæ хаст æрцыд, уыдон æххæст кæнынмæ зæрдиагæй бавнæлдтой ”Иудзинад”-ы уæнгтæ.**

**Кæй зæгъын æй хъæуы, дыууæ азы ахæм уæрæх æмгъуыд не сты, цæмæй скæнæн уа бæстон хатдзæгтæ. Уыцы рæстæг нын æрмæстдæр фадат дætты, цæмæй ма иу хатт акæсæм, ныронг цы хъуыддæгтæ арæзт æрцыд, уыдонмæ æмæ ма иу хатт фæбæлвырддæр кæнæм, æхсæнадон змæлды размæ цы нысантæ лæууы, уыдон. Æппæт уыцы фарстаты фæдыл сæ хъуыдытæ зæгъынц ”Иудзинад”-ы советы уæнгтæ. Ныхасы бар сын дæттæм...**

## Рухс фидæны быдуур

**Чысыл нæмæц кæмæн ис, уыцы адæмтæн ныры тызмæг рæстæджы æнцон нæу сæ национ культурæ æмæ национ цæсгом бахъахъхъæнын. Æнæ уыдонæй та адæм сæфтмæ цæуынц, бахауынц кæйдæр къухты.**

Нæ сыхæгтимæ абаргæйæ, ирон адæмы уавæр у зынгæ тæссагдæр. Хицæн нæ кæнынц алыхуызон политикон зондахаст, динтæ, æцæгæлон идеологи æмæ философи. Уыимæ, арæх быцæу кæнæм, чи кæцы комæй рацыд æмæ, кæй диалект сæйрагдæр у, уыдæттыл дæр. Фæлæ нæм ис, не ’ппæты дæр чи иу кæны, кæрæдзиуыл нæ æнгом чи бæтты æмæ нæ фидæнмæ чи хоны, ахæм цæхæркалгæ хæзнатæ. Уыдон сты нæ ирон æгъдау æмæ адæмы фарн.

Уыдæттæ хынцгæйæ, Иры мыггæгты минæвæрттæ уынаффæ рахастой æхсæнадон змæлд ”Иудзинад” саразыны тыххæй. Ныр дыууæ азы не ’хсæнад кусы уыцы хæзнатæ бахъахъхъæныныл, фæсивæдмæ сæ сыгъдæгæй фæхæццæ кæныныл. Змæлды уæнгтæ политикон тохы нæ архайынц, бæрзонд бынæттæм нæ хъавынц, стæй кæйдæртау хицауады дзыхмæ дæр нæ кæсынц. Кусынц адæмы хорзæхæн, Иры фидæнæн.

Иудзинады мидæг ис нæ дзыллæйы хъару, уый у нæ адæмы рухс фидæны быдуур. Æмæ абон нæ адæмы иудзинадыл сыгъдæгзæрдæйæ чидæриддæр кусы, уыдонæн Иунæг Кадджын Стыр Хуыцау хорз арфæ ракæнæд! Уастырджи та сын фæндагамонæг уæд!

**КУЧИТЫ Руслан**

## Сывæллон къахæй ауайы...

**Адæймаджы цардмæ гæсгæ афæдзмæ сывæллон къахыл ауайы, дыууæ азмæ дзурын райдайы. Æртæ азмæ та-иу лæппуйы бакодтой лæгты размæ, сбадын-иу æй кодтой бæхыл, иуныхасæй, лæгыл-иу æй банымадтой.**

Не змæлдыл сæххæст дыууæ азы, æмæ мах дæр дзурын байдыдтам. Нæ алы ныхас дæр кæнæм хъавгæйæ. Адæмы царды иудзинадæй сæйрагдæр ницы ис. Иудзинад цы адæммæ ис, уыдон сты цæстуарзон æмæ хатыргæнаг. ”Иудзинад”-ы уæнгты фæнды, цæмæй ”ноггуырд” йæ сæдæ азы сæрты ахиза.

Фæлтæртæ ивдзысты кæрæдзи, фæлæ, абон мах цы фарстатыл кусæм, уыдон алкæддæр уыдзысты ахсджиаг: нæ ирон æгъдау хъахъхъæнын, нæ кувæндætты арф мидис бæрзонд хæссын, нæ мадæлон æвзагыл дзурын. Нæ хæс у Иудзинады мæсыг æмæ къона саразын — уым хъуамæ æрбынат кæна нæ фыдæлты фарн.

Уыцы фарстатæй иу дæр æнцонæй аразгæ нæу. Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæ зæгъæнт, цæмæй алчидæр йæхи ”Иудзинад”-ы уæнгыл банымайа, æмæ æмзондæй уыцы стыр фарстатыл куыд кусæм.

**МÆРЗОЙТЫ Тамерлан**

## Бавналæм дысвæлдæхтæй...

**Фарн уæм бадзурæд, ирон адæм!**

**Фыдæлтæй баззад, йæ фидæныл чи нæ хъуыды кæны, уый сæфты къахыл лæууы, зæгъгæ. Нæ фидæн та сты нæ фæсивæд, нæ кæстæртæ.**

Хуыцауæн табу, Иры зæххыл гуыры хорз кæстæртæ: рæсугъд, ныфсджын æмæ курдиатджын. Фæлæ, хъыгагæн, иу цасдæр къуылымпы æййафы сæ хъомылад. Хистæртæ се ’ппæт нæ архайынц кæстæртæн сæ царды фæлтæрддзинадæй, се ’гъдау æмæ æфсармæй фæхай кæныныл. Кæстæрæн лæгъзæй бацамоныны бæсты уыдонæй бирæтæн сæ ныхас рацæуы фаутæ æмæ уайдзæфтæм. Æмæ нын кæд Хуыцау радта царды рæсугъддæр лæвар - нæ кæстæрты, уæд нын сæ æфхæрынæн радта? Цæмæн цæуæм Хуыцауы ныхмæ, кæд нын сæ арфæйаг фидæнæн радта, уæд?

Бавналæм дысвæлдæхтæй, нæ хорз хистæртæ, æмæ бакусæм нæ рæсугъддæр фидæныл.

Æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ыл зæрдæвæрæны мæй сæххæст дыууæ азы. Нæ сæйрагдæр хæстæй иуыл нымайæм фæсивæды ирондзинадыл, æгъдау æмæ æфсармыл æфтауын. Кæстæрты хъомылады фарстатæ сты нæ иумæйаг куыст.

Уыцы архайды нæ уæлхъус æрбалæууыдысты бирæ мыггæгты минæвæрттæ. Сидын иннæ мыггæгтæм дæр. Уæ хорзæхæй, сомбоныл чи тыхсы, нæ кæстæртыл чи мæт кæны - баиу кæнæм нæ тыхтæ æмæ нæ хорз фидæныл æмхъаруйæ бакусæм! Хуыцау нын ахъаз кæнæд!

**ТУАТЫ Алан**

## Хайад — Алагиры районы

**Æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы хайад Алагиры районы кадджын уавæры байгом кодтам ноябры.**

Фыццаджы-фыццагдæр равзæрстам ”Иудзинад”-ы районы хайады совет æртæ адæймагæй — мемæ дзы зæрдиагæй кусынц кадджын, нымад лæгтæ: ахуыргонд, филологон наукæты кандидат Мзокты Аслæнбег æмæ æхсæнадон архайæг, районы бастдзинады хайады кусæг Къаболаты Юри.

Афтæ, бавнæлдтам, цы хъуыдытæ æмæ нæм цы фæндтæ ис, уыдон æххæст кæнынмæ.

Нæ размæлæууæг нысантæ та бирæ сты. Зæгъæм, нæ зæрды ис ирон æгъдæутты скъола ”Фарн” байгом кæнын, æрхондзыстæм-иу æм дзырддзæугæ лæгты, цæмæй кусой рæзгæ фæлтæримæ. Æнтыстджынæй ацыд, ”Иудзинад”-ы хъæппæрисæй цы республикон конкурс ”Ирон дæн æз!”, зæгъгæ, арæзт æрцыд, уый. Уыцы конкурсы фыццаг къæпхæн уыд Алагиры районы. Æмæ ныр фæнд кæнæм ахæм конкурс чызджыты ’хсæн дæр саразын. Нæ пъланы ис ирон æвзаджы ахуыргæнджыты конкурс бацæттæ кæнын, театралон къорд ”Малусæг” байгом кæнын æмæ афтæ дарддæр. Уымæй уæлдай, районы цæрджытæй бирæ курдиæттæ æрбацыд æндæр ахæм цымыдисаг мадзæлттæ саразыны фæдыл.

Нæ хайадæн сæрмагонд кусæн бынат куы фæзына, уæд нæ архайд, кæй зæгъын æй хъæуы, фæахадгæдæр æмæ фæхъомысджындæр уыдзæн.

**ТОКТЫ Валодя**

→ 3

Фембæлдтытæ дзуарылæгтимæ

# Иудзинад нæм куы уа...

**Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы уыд æмбырд. Ацы хатт æхсæнады советы уæнгтæ фембæлдысты Дыгургомы хъæуты дзуарылæгтимæ.**



Ӕмбырд цыбыр разныхасæй байгом кодта змæлды советы уæнг **Кучиты Батрадз**. Уый фæстæ ныхас адарддæр кодта советы уæнг **Мæрзойты Тамерлан**. Мæрзойы-фырт фембæлды архайджытæм фæсидт, цæмæй ”кæрæдзимæ æнгом æрбалæууæм æмæ архайæм ирон адæмы иудзинадыл, уа нын иу нысан, цæмæй нæ сомбон уа рæсугъд æмæ æнаипп”.

— Ныртæккæ ирон адæм цæрынц алы рæтты, — загъта дарддæр Мæрзойы-фырт, — уымæ гæсгæ алчидæр ”йæхи гуылы бын æндзары”. Мæ ныхас куы фæбæлвырддæр кæнон, уæд Дæргъæвсы, Куырттаты, Уæлладжыры æмæ Дыгургомæй рацæуæг адæмæй алкæмæ дæр йæхи æгъдæуттæ æмæ хицæндзинæдтæ ис, куыд цины, афтæ зианы хъуыддæгты дæр. Уымæ гæсгæ кæд ирон адæм стæм, уæд не ’гъдæуттæ дæр иухуызон хъуамæ уой. Алы мыггаджы хистæры хæс дæр у йæ кæстæрты хорз хъуыддæгтыл ахуыр кæнын. Хъуамæ Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм кувгæ кæнæм. Уымæн æмæ, æгъдау кæмæ уа, уыцы адæймаг фыдракæнд никуы сараздзæн.

Дарддæр ирон адæмы æрбаиудзинады фæдыл дзырдта Мæхческы хистæр **Дзагкойты Бидола**. Уый дæргъвæтин рæстæг ахуыргæнæгæй фæкуыста бынæттон скъолайы, уыдис Мæхческы адæмон депутатты советы сæрдар. Дзагкойы-фырт æмбырды архайджыты æргом аздæхта, абон мадæлон æвзаг цы уавæры ис, стæй йæ кæстæртæ куыд ахуыр кæнынц, уымæ.

— Ныртæккæ уавæр афтæ у, — бафиппайдта Дзагкойы-фырт, — æмæ мадæлон æвзагыл республикæйы быдырон хъæутæ æмæ хæхбæсты цæрджытæй уæлдай бирæ рæтты нал дзурынц. Уымæ гæсгæ мæ фæндон ахæм у, цæмæй ирон æвзаг ахуыр кæной канд иумæйагахуырадон скъолаты нæ, фæлæ ма астæуккаг профессион æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты дæр. Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ та сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын хъæуы фыццæгæм къласæй фæстæмæ.

Куыд хистæр æмæ кæстæрты зондамонæг, афтæ Дзагкойты Бидола дзырдта хъомылады фарстатыл дæр. Ныртæккæ æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæй бирæтæн куыст кæй нæй, уымæ гæсгæ сæхи цы фæкæной, уый нæ зонынц æмæ бонасадæн кæнынц. Фæлæ ныр ацал-ауал азы ницы арæзт цæуы.

Ӕмбырды бæстон ныхас рауад цины æмæ зианы фынгæвæрдтæ æмæ æгъдæуттыл дæр. Зæгъæм, раст нæу зианы фынгыл æртæ чъирийы æвæрын, кусарты сæр дыууæ дихы кæнын, кувгæйæ чъиритыл ныххæцын æмæ афтæ дарддæр. Ӕмбырды архайджытæ дзырдтой дзуæрттæм кувыны тыххæй дæр. Бидола куыд загъта, афтæмæй августы бирæ адæм æрцæуы Комы дзуары бæрæгбонмæ...

Хохы Дыгуры цæрджытæ кад æмæ радимæ иннæ дзуæртты нæмттæ дæр кæй арынц, уый тыххæй сæ раныхæсты дзырдтой **Малиты Ацæмæз, Мæрзойты Аркади, Зæгæлты Мирон** æмæ иннæтæ.

**Байсонгъуырты Мухтар** куыд бафиппайдта, афтæмæй рацарæзты куыстытæ цæуынц Гæлиаты Авд дзуары кувæндоны. Ныронг уал йæ иу хаймæ зылд æрцыд Хъыбызты Трофимы, Джеджыты Тельмæны, Хъалаты Жорик æмæ Оледжы хъæппæрисæй. Езеты Сослан та сæм материалон фæрæзтæй фæкаст.

— Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ дзуæрттæм хъæуы кувын, — загъта Мæрзойты Тамерлан, — фæлæ хатгай фехъусæн вæййы, ницы æххуыс мын кæнынц, зæгъгæ. Ӕмæ дын дзуæрттæ куыд хъуамæ баххуыс кæной, кæд адæмæн æвзæрдзинæдтæ кæныс æмæ фыдгæнæг дæ, уæд. Хъуамæ алчидæр сыгъдæгзæрдæ уа, æмæ уæд Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæй дæр рох нæ уыдзынæ.

Кæронбæттæны æмбырды архайджытæ уынаффæ рахастой ирон адæмы æрбаиу кæныны тыххæй сæрмагонд сидт бацæттæ кæныны фæдыл.

# Ӕгъдау — æппæты сæр

**Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы уыдис радон æмбырд. Ацы хатт йæ советы уæнгтæ сæ иумæйаг ныхасмæ æрбахуыдтой Дæргъæвс æмæ Хъобангомы дзуарылæгты. Иннæ хæттытæй хъауджыдæр ацы фембæлдмæ фæдзырдтой фæсивæды минæвæрттæм дæр.**



Ӕмбырд байгом кодта змæлды советы уæнг **Кучиты Батрадз**. Йæ цыбыр раныхасы ахсджиагыл банымадта, цæмæй хистæрты ныхас кæддæриддæр хæццæ кæна кæстæртæм, ахуыр кæной фыдæлты рæсугъд æгъдæуттæ æмæ традицитыл. Уый та къухы бафтдзæн, хистæртæ æмæ кæстæртæ кæрæдзийы куы æмбарой æмæ иу зондыл хæст куы уой, æрмæстдæр уæд.

Уый фæстæ ныхасы бар райста ”Иудзинад”-ы советы уæнг **Мæрзойты Тамерлан**. Уый, фыццаджыдæр, арфæ ракодта æмбырды архайæг кадджын хистæртæ æмæ кæстæртæн, стæй загъта:

— Не ’хсæнад арæзт куы ’рцыд, уæд мах къорд уынаффæйы рахастам æмæ, афтæ æнхъæл стæм, уыдон цардæ уагъд куы ’рцæуой, уæд стыр æххуыс фæуыдзысты нæ сомбоны рæсугъд цардæн. Нæ фыццаг нысан та у ирон адæмы æрбаиу кæнын. Уымæн æмæ нæ фыдæлтæ алы кæмттæй ралыгъдысты быдыры хъæутæ æмæ горæттæм, фæлæ нæм ныр дæр ма бирæ хицæндзинæдтæ ис иуæй-иу хъуыддæгты. Иу æгъдауыл хæст куы уæм, не ’хсæн иудзинад куы уа, уæд та нын æнцондæр цæрæн уыдзæн, æмæ хъуамæ кæрæдзимæ æнгомдæр æрбалæууæм.

Мах бахъахъхъæнын хъæуы нæ удварны хæзнатæ. Уыдон та сты нæ фыдæлты рагон нæртон æвзаг, рæсугъд æгъдæуттæ æмæ традицитæ. Хъуамæ алы ирон скъоладзау дæр ахуыр кæна йæ мадæлон æвзаг æмæ уый тыххæй абон æппæтæй ахсджиагдæр у, цæмæй хистæртæ сæ кæстæртимæ хæдзары ныхас кæной иронау.

Дарддæр Мæрзойы-фырт æмбырды архайджытæн радзырдта, ирон адæмы æхсæн иудзинад сфидар кæныны фæдыл æхсæнад цы алывæрсыг куыст кæны, уый тыххæй. Ныронг уал сæрмагонд фембæлдтытæ уыд Цæгат Ирыстоны алы кæмтты хистæртæ æмæ дзуарылæгтимæ. Кæронбæттæны сæ иумæйаг æмбырды та алы кæмтты хистæртæ бæлвырддæр æрныхас кæндзысты, æхсæнадон змæлд ”Иудзинад” цы ахсджиаг уынаффæтæ рахаста, уыдоныл.

— Сымах цыдæриддæр зæгъат, уый мах бакæндзыстæм, — бафиппайдта Мæрзойты Тамерлан. — Абон та фарста афтæ æвæрд цæуы, цæмæй нæ кувæндæттæ æнæзылд ма уой. Хъуамæ алы ран дæр арæзт æрцæуой мыггаджы советтæ æмæ уый чысыл æххуыс нæ фæуыдзæн кæстæрты хъомылады куысты.

→ 10



1 ←

## Работа — по всем направлениям

**Оглядываясь на двухлетний период деятельности общественной организации "Иудзинад", хочется отметить плодотворную работу всех членов движения.**

Первым делом нужно отметить организацию и проведение форума осетинских фамилий, с которого и зародилось наше движение единомышленников. Задачи и планы, утвержденные на данном форуме, были приняты за основу повседневной деятельности нашей организации.

Из мероприятий, организованных движением "Иудзинад", особо хочется отметить акции, связанные с сохранением и развитием родного языка. Также заслуживает внимания инициатива создания Совета общественных организаций республики и общества дзуарылагов...

В планах нашей организации особое место занимает работа с молодежью, внимания требуют вопросы развития родного языка, в частности, в дошкольных учреждениях и многое другое.

Все члены общественного движения "Иудзинад" полны решимости и далее активно действовать по всем направлениям, заявленным в программных документах нашей организации.

**Урузмаг БЕРЕЗОВ**

## Более осмысленно и целенаправленно

**Позади — эпохи. И на смену ценностям народа, его этнической составляющей приходит новая "историко-культурная память". Осетия сегодняшняя мало похожа на прежнюю. До недавнего времени осетинское общество отличалось тем, что сохраняло незыблемые традиции родной истории и института семьи. И эта особенность осетинского общества не мешала народу быть единым с другими в сложившемся государственном устройстве.**

Что мы видим сегодня? То, что нации, похожие на текучие воды рек, уносят в потоки времени традиционно-культурные ценности. Мы, как этнос, теряем свои традиции и язык.

Сегодня все большее число государственных деятелей, политиков, ученых начинают осознавать, что уровень национального самосознания во многом определяет эффективность социально-экономической жизни общества, прогресс в духовной и политической культуре народа, способность противостоять социально-политическим потрясениям.

Государственность народа может быть в значительной мере реализована с опорой на политико-культурный подход и социально-политическое прогнозирование, что обеспечит устойчивое развитие государства в целом.

Сохраняя духовные ценности, будут сохранены обычаи и правила общественной жизни осетин. Нам не нужно изобретать что-то новое, так как все это есть в нашем эпосе, мифологии, в мировоззрении "ирон æгъдау".

Движение "Иудзинад" с момента создания направляет все свои усилия на сохранение традиционно-культурных ценностей осетинского народа. За это короткое время было проведено немало мероприятий и встреч с общественностью, на которых совместно с представителями фамилий и молодежью принимались решения по дальнейшему развитию работы в данном направлении.

Деятельность движения придает более осмысленный, целенаправленный характер культурным, общественным процессам в Осетии, обеспечивает всестороннее поступательное развитие личности и общества (в первую очередь - молодежи).

Поэтому в текущий период актуальным является вопрос сохранения духовно-культурного мировоззрения осетин — "æгъдау" и родного языка, и наша работа в дальнейшем будет выстраиваться в направлении выражения национальных интересов осетинского народа.

**Ацамаз ХАДИКОВ**

# Сохранить наследие наших предков...

**Деятельность Северо-Осетинского республиканского общественного движения «Иудзинад» началась два года назад. Тогда, 18 мая 2014 года, во Владикавказе состоялся национальный форум «ALANIA». Участники форума — представители большинства осетинских фамилий — высказали идею учреждения нового общественного движения. Изначально организация именовалась «Адæмон Ныхас». В состав «Адæмон Ныхаса» вошли делегированные съездом организаторы форума и представители фамилий.**

Основной задачей созданного движения являлось доведение до органов законодательной и исполнительной властей Республики Северная Осетия—Алания и Республики Южная Осетия документов, принятых на национальном форуме «ALANIA» (Меморандума, проектов законов о внесении изменений и дополнений в Конституцию РСО-А и Конституцию РЮО, решения о строительстве Всеосетинской башни народного единения и т. д) и их юридическое сопровождение.

В любом растущем организме процесс роста связан с преобразованиями. В результате чего мы несколько изменили формат деятельности и преобразовали организацию в республиканское общественное движение «Иудзинад», что связано, в первую очередь, с изменением состава членов совета движения (при этом сохранился основной состав совета) и с расширением круга вопросов, которые встали перед организацией.

Нашим движением разработана программа деятельности. Она носит функционально-практический характер. В процессе актуализации вопросов происходит их естественная коррекция. Северо-Осетинское республиканское общественное движение «Иудзинад» является объединением, позиционирующим себя прежде всего в качестве объединения осетинских фамилий. Не стремясь быть громкой, публичной организацией, «Иудзинад» занимается решением конкретных проблем и задач в современном осетинском обществе.

Мы продолжаем свою постоянную работу в деле содействия в создании фамильных советов, нами организуются регулярные встречи с инициативными группами. Все участники таких встреч приходят к единому мнению: фамильные советы должны работать в тесной взаимосвязи. А особенно — в работе с молодежью. Фамилия сама, в первую очередь, должна наводить порядок в своей среде, а это — вопросы наркомании, пьянства, поведения в общественных местах, демографической ситуации и многое другое. В сложившихся условиях, особенно — в сфере воспитания молодежи, роль и значение фамильных советов возрастает.

Одной из наших задач является сохранение и развитие семейных ценностей. Родовые башни в Осетии всегда почитались как святыни, они служили оплотом и гарантом единства рода, а зачастую становились объектами культа. Интерес к древним башням, как к символам осетинского народа, год от года растет. В Северной Осетии в перечень выявленных объектов культурного наследия входят 1076 памятников. Из них: башен федерального значения — 107, регионального — 46. При этом, общее количество башен остается неизвестным.

Представители 16-ти осетинских фамилий уже выразили готовность восстановить родовые башни. Собственники многих из этих сооружений до сих пор не определены. Решением этого вопроса в настоящее время занимается специально созданная комиссия. В ближайшее время власти Северной Осетии опубликуют перечень всех архитектурных сооружений, расположенных на территории республики. Наше движение сотрудничает с фамильными советами по подготовке документов для закрепления за ними на законодательной основе участков с родовыми башнями.

В последнее время в Республике Северная Осетия-Алания осуществляется определенная целенаправленная работа по сохранению и развитию осетинского языка. Оптимальное решение языковых проблем является фактором гармонизации межнациональных отношений, упрочения консолидации народов и общественного согласия.

Мы прекрасно видим все позитивные шаги, предпринимаемые Правительством РСО-Алания по сохранению и развитию осетинского языка, однако на сегодняшний день остается актуальным вопрос принятия закона «О государственных языках Республики Северная Осетия-Алания». Разработанный в 2009 году законопроект был внесен Правительством РСО-Алания на рассмотрение депутатов Парламента республики в конце 2013 года. Однако после рассмотрения в первом чтении законопроект был возвращен на доработку.

Можно строить разные предположения о причинах принятия депутатами такого решения, но ясно одно — отсутствие в нашей республике закона о государственных языках ограничивает юридически-гарантированную возможность сохранения и развития одного из государственных языков, тем более отсутствие указанного нормативно-правового акта затрудняет реализацию конституционной нормы (статьи 15 Конституции РСО-Алания), связанной с государственными языками Республики Северная Осетия-Алания.

Исходя из вышеизложенного, мы, как общественная организация, направляем обращения в Правительство РСО-Алании об оказании всемерного содействия в вопросе скорейшего внесения в Парламент РСО-Алания доработанного проекта закона «О государственных языках Республики Северная Осетия —Алания». Мы также планируем проводить и дальше определенную работу по указанному вопросу среди общественности.

Также мы обеспокоены состоянием внешнего облика и содержанием некоторых наружных изображений, образов, имеющих место в г.Владикавказе, которые создают отрицательный визуальный фон, оказывают разлагающее психоэмоциональное воздействие на жителей города, в частности, представителей осетинского народа, как носителей определенного типа мировоззрения, культуры, традиций.

С целью устранения подобных негативных явлений и выработки соответствующих рекомендаций в этой сфере мы вместе с другими общественными организациями обратились с предложением к главе муниципального образования г. Владикавказа, председателю Собрания представителей М.Х. Хадарцеву рассмотреть вопрос создания специальной комиссии при Собрании представителей г. Владикавказа из числа депутатов городского Собрания, специалистов и представителей общественных организаций, в круг обязанностей которой входили бы вопросы мониторинга содержания наружной рекламы, витрин магазинов, вывесок и т.д., выявления нарушений, вызывающих негативное воздействие на нравственное состояние общества, противоречащих культурно-историческим нормам осетинского и других народов, проживающих в республике. Глава города поддержал предложение о создании такой комиссии. Очевидно, что вопросы сохранения достойного внешнего облика Владикавказа, а также создания комфортной окружающей среды для жителей и гостей нашего города находятся в поле зрения и участия руководства города.

Как уже отмечалось, на базе движения «Иудзинад» был создан Совет общественных организаций. Основными целями создания данной структуры являются:

— выработка согласованных решений по актуальным вопросам общественных организаций (фамильных советов), а также в области сохранения и развития традиционного мировоззрения «æгъдау»;

— планирование и организация совместных мероприятий и общественных акций;

— пропаганда приоритета духовно-нравственных начал в жизни осетинского народа, его истории, разработка и реализация программ, направленных на возрождение и сохранение национальной культуры, науки и традиций, улучшения социально-экономических условий жизни народа;

— совместная работа с органами государственной власти в подготовке и реализации образовательных программ в сфере воспитания подрастающего поколения в духе патриотизма;

— координация действий общественных организаций (фамильных советов).

За время существования нашего движения проводится работа в направлении консолидации общества. Одним из таких шагов явилось официальное открытие отделения движения «Иудзинад» в Алагирском районе, состоявшееся 20 ноября 2015 года. Ответственное поручение по организации районного отделения было поручено одному из активистов нашего движения — Владимиру Токову.

В заключение хочется еще раз обратиться ко всем представителям осетинского народа: у кого есть желание принять участие в деле сохранения нашего «ирон æгъдау», культурно-исторических традиций, обычаев, всего того, что мы унаследовали от наших великих предков, может реализовать свои устремления, став членом общественного движения «Иудзинад».

**Батраз КУЧИЕВ**

Арфæйаг хъуыддаг

# Ирон дæн æз,

**Ирон адæм æдзухдæр сæрыстыр уыдысты сæ фæсивæдæй, æмæ сæ хуыдтой сæ ныфс, се 'нцой, сæ фидæн. Кæстæры хорз фæзминаг хистæрæй кæй цæуы, уый зонгæйæ, нæ куырыхон хистæртæ сæ фæндтæ, сæ ныхæстæ рæсугъд фæзминаг хъуыддæгтæй æвдисынц.**

**Раздæр дæр нæ газеткæсæгæн хъусын кодтам æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы арфæйаг хъуыддæгтæ. Сæ алы къахдзæфæй дæр æвдисынц Райгуырæн бæстæмæ, нæ фыдæлты фарнмæ, æгъдæуттæм, культурæ æмæ ирон æвзагмæ уарзондзинад. Кусынц, иуцасдæр рохгондæй цы ирон æгъдæуттæ аззадысты, уыдон сног кæныныл.**

**"Иудзинад"-ы советы уæнгтæ архайынц нæ фыдæлты царды нысаны нæмгуытæ æрыгон фæлтæры риуы байтауыныл, кæстæрты раст фæндагыл сæвæрыныл. Ууыл кусгæйæ, расидтысты республикон æркаст-конкурс "Ирон дæн æз".**









Æркасты фыццаг ерыс ацыд Алагиры районы. Конкурсы архайæг фæсивæд æмæ бæрæгбоны уазджытæн фысым уыд Алагиры 5-æм скъола. Ерысы архайдтой ацы районы алы хъæутæй хистæр кълæсты скъоладзау лæппутæ, алы хъуыддаджы дæр бафæзминаг, ирондзинадæй æххæст. Æфсымæртау уæхски-уæхск æрбалæууыдысты æмæ бацыдысты хъуыддаджы. Фæрсæрдыгæй бакæсгæйæ та ерыс нæ уыд, фæлæ зиу, ирон зиу, уымæн æмæ нæ фидæнæн сæ иудзинад æмæ ирондзинады руаджы амадтой фидар бындур.

Ерысдзауты арæхстдзинадæн аргъ кодтой жюрийы кадджын уæнгтæ: æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы советы уæнг **Кучиты Батрадз**, РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады национ хайады сæргълæууæг **Санаты Ритæ**, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы ахуырады управленийы сæргълæууæг **Гозымты Раман**, Алагиры районы ахуырады управленийы сæргълæууæг **Хæдарцаты Альбинæ** æмæ нывгæнæг, æхсæнадон архайæг **Хетæгкаты Таймураз**. Ацы зæрдæмæдзæугæ бæрæгбон бацæттæгæнæг у "Иудзинад"-ы советы уæнг, æркаст-конкурсы къамисы сæрдар **Токты Валодя**.

Конкурсы архайдтой: Майрæмадагæй — **Плиты Спартак** (йæ ахуыргæнæг — **Гаситы Ульянæ**), Дзуарыхъæуæй — **Чъерджиаты Азæмæт** (йæ ахуыргæнæг — **Рæмонты Фиалæ**), Хæтæлдонæй — **Челæхсаты Давид** (йæ ахуыргæнæг — **Æгкацаты Жаннæ**), Суадагæй — **Фæрниаты Батрадз** (йæ ахуыргæнæг — **Санаты Альбинæ**), Уæллаг Фыййагдонæй — **Гуыриаты Сæрмæт** (йæ ахуыргæнæг — **Ходы Иринæ**), Црауæй — **Бутаты Сæрмæт** (йæ ахуыргæнæг — **Челдыты Мæдинæ**) æмæ Мызурæй — **Хъайтыхъты Тимур** (йæ ахуыргæнæг — **Къадзаты Мæдинæ**). Ацы фембæлды ма уыдысты нæ республикæйы районты скъолаты директортæ, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ, ахуырады къабаз æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ.

## Хъайтыхъты Тимуры нывæцæн "Ирон дæн æз"

Ирон дæн æз. Æмæ цы нысаниуæг ис дзырд "ирон"-æн? Кæй схонæн ис ирон? Æз чи дæн ацы зæххыл? Бæззын, цæмæй сæрбæрзондæй хонон мæхи ирон? Ирон фынджы уæлхъус нæ хистæртæн уырдыгыстæгæй æрлæууынæн бæззын? Арфæгæнæджы къухæй искуы æмбæлдзæн мæнæн кады нуазæн райсын? Мæ бон бауыдзæн, чи нын нал ис, уыцы хæрзуд адæймæгты ном срæсугъд кæнын? Цы суыдзæн мæ бон саразын фидæны ирон адæмæн? Æппынфæстаг, мæхи фæрсын: "Ирон кæй дæн, уымæй сæрыстыр дæн?"

Ирон дæн æз. Мæнмæ гæсгæ дзырд "ирон" æрбамбырд кодта дзырд "фарн"-ау йæхи нысаниуджытæ: уæздан, æгъдауылхæст, сыгъдæгзæрдæ, ныфсхаст, хъæбатыр, тыхджын, кадджын, æмбаргæ, дзырддзæугæ, рæстдзинадылдзурæг, хиуылхæст, гуыппырсар, фæразон, арфæйаг, номдзыд. Æцæг ирон уый у, æмæ æнæкæрон уарзтæй чи уарзы йæ фыдыуæзæг — Ирыстон; йæ сæрмæ хæссы дзурын йæ мадæлон æвзагыл; ахуыр кæны йæ рагфыдæлты истори; аргъ кæны æмæ архайы сарæхсыныл ирон кафт акæнын, ирон музыкалон инструменттыл цæгъдыныл; ирон зарæг ын агайы йæ зæрдæ.

Ирон дæн æз. Уæлладжырон... Фараст дзуары кæм æрбынат кодтой æмæ авд мыггаджы авдæн чи сси, уыцы Ходы хъæуæй.

Ирон дæн æз æмæ уымæ гæсгæ дзурын ме 'мбæлттимæ, нæ бинонтимæ иронау. Мæ фыццаг ирон дзырдтæ дæр фехъуыстон иронау мæ нанайæ, мæ ныййарджытæй. Ирон æгъдау æмæ ирон æфсармыл мæ ахуыр кодтой æмæ кæнынц мæ бинонтæ, фыццаджыдæр, ме 'дзард фыд æмæ мæ уарзон фыдымад Басион (рухсаг уæнт!). Мæ буц нана мын арæх дзырдта аргъæуттæ, таурæгътæ, зондамонæн æмæ æмбисонды хабæрттæ.

Ирон дæн æз æмæ уымæ гæсгæ уарзын нæ буц хистæртæм хъусын. Нæ фæллайын Едзиты Андрейы (уый дæр у ходон) таурæгътæм, фыдæлты хабæрттæм хъусынæй.

Ирон дæн æз æмæ уымæ гæсгæ ахсджиаг предметыл нымайын скъолайы дæр æмæ иннæ ахуыргæнæндæтты ирон æвзаг, литературæйы уроктæ, æдзæттæйæ æрбæцæуын сæм мæ сæрмæ нæ хæссын.

Ирон дæн æз æмæ ныр дæр æмæ фидæны дæр æнæхъуаджы адæймаджы зæрдæхудты нæ бацæудзынæн, адæймагæн маст скæнын мæ сæрмæ не 'рхæсдзынæн.

Ирон дæн æз, мæ фыды фырт, æмæ нын кæд ме 'фсымæримæ рагацау нæ уæхсчытыл æрæвæрдта хæдзары уæз, уæддæр нæ бауагътам фæцудын нæ къона. Гыццылтæй нын цы куыст бауарзын кодта — фосмæ зилын — уый ныр дæр æххæст кæнæм.

Ирон дæн æз æмæ уымæ гæсгæ ме 'фсымæримæ уарзын хъæдæй музыкалон инструменттæ-сувениртæ аразын.

Ирон дæн æз æмæ уымæ гæсгæ мæ зæрдæ сриссы ирон фæсивæды æнæгъдау митæм кæсгæйæ, æнæуаг дзыхæй дзырдмæ; нал фефсæрмы кæнынц хистæрæй, сылгоймагæй, кæстæрæй; æрмæст фæсивæд нæ, фæлæ ма суанг хистæртæ дæр сæ хъуыдытæ бамбарын кæнын сæ мадæлон æвзагыл нæ фæарæхсынц; хистæртæ кæстæртæн сæ куырыхон зонд нал амонынц; ирон мадæлтæ иронау а-ло-лайы зарджытæ нал кæнынц сæ сабитæн, кæнæ та сæ хъæбулы хъæбултæн.

Ирон дæн æз! Дзурын æй сæрбæрзондæй, уымæн æмæ мын ис, цæмæй раппæлон, уый! Ирон адæмы фыдæлтæ — скифтæ, сæрмæттæ, алантæ — хъуыстгонд, номдзыд, кадджын! Ирон адæмы дзургæ сфæлдыстады стырдæр хæзна — "Нарты кадджытæ" — нæ фыдæлты царды энциклопеди!

Дæн сæрбæрзонд дзырд "Ирон"-æй уымæн, æмæ грамматикæйæ йæ фæсæфтуан — он у нæ мыггаджы фæсæфтуан — Хъайтыхъон, йæ бындур та у фыдæлты артдзæст Ир — райгуырæн къона, уый та у: Къостайы мад — Ир! Иссæйы мад — Ир! Чермены мад — Ир! Уасойы мад — Ир! Болайы мад — Ир! Азæмæты мад — Ир! Æмæ цас сты Иры къонайæ рацæугæ ирон ном скадджынгæнджытæ!!!

Ирон дæн æз — ирон адæмы фидæн!

Мæх бирæ стæм: уымæй нæ фыдыуæзæг — тыхджын, нæ мыггаг — бæзджын!

# Ирыстон у мæ цæрæн!

Æркаст-конкурсы нысан у ирон адæмы кад æмæ намыс бæрзонддæр кæнын, кæстæрты разæнгард кæнын мадæлон æвзаг, нæ рагфыдæлты рæсугъд æмæ аив æгъдæуттæ зонын æмæ сæ царды æххæст кæнынмæ. Цæмæй æнувыд уой ирон адæмы бафæзминаг хъуыддæгтыл æмæ хъоды бакæной, ирон лæгæн сæрмæхæссинаг чи нæу, уыцы æбуалгъ митыл.

Конкурсы архайджытæм кæсгæйæ, зæрдæ уæрыккау кафыд. Цы рæсугъд кæстæртæ ис нæ алыварс, куыд дæсны сты сыгъдæг иронау сæ хъуыдытæ дзурынмæ, хъуыддаджы балæууынмæ!.. Уæдæ ирон уадынгæрзтæй цæгъдын, кафт æмæ зарды аивады дæр фæстейы нæ фæлæууыдысты. Алчидæр сæ бæстон радзырдта йæ мыггаджы истори, бæласау æй сныв кодта аиввæлыстæй. Кæд







фæдзæхстмæ гæсгæ æрмæст фондз фæлтæры ранымайын хъуыд, уæддæр сæхи хъæппæрисæй алчидæр дзурын райдыдта йæ мыггаджы уидæгтæй, æрхастой таурæгътæ дæр.

Бынтон диссаг та уыдысты, рагацау цы нывæцæнтæ бацæттæ кодтой, ”Ирон дæн æз”, зæгъгæ, уыдон. Равдыстой дзы сæ арф зонындзинæдтæ æмæ рæсугъд æнкъарæнтæ, сæ фыдæлтæй сæрыстырдзинад æмæ ирондзинадмæ уарзондзинад... Æвæдза, куыд бæллиццаг уыдысты сæ хъуыдытæ!..

Иннæ фæлварæны, хæлттæ сæппаргæйæ, радзырдтой ирон бæрæгбæтты тыххæй. Куыд, кæд æмæ сæ цæмæн бæрæг кæнынц ирон адæм, уый. Хорз зыдтой ирон чындзæхсæв æмæ чызгæрвысты æгъдæуттæ дæр. Хъуамæ ма радзырдтаиккой хæдзары куыстытæ кæнæн ирон рагон дзаумæтты тыххæй, равдыстаиккой, нæ фыдæлтæ сæхи цы хъæзтытæй ирхæфстой, уыдоны мидис дæр.

Жюрийы уæнгтæн зын уыд искæмæ фау æрхæссын, уæлдайдæр та — фæхъулон кæнын, скодтой конкурсы архайджытæн раст аргъ. Фыццаг бынат æнæдызæрдыгæй лæвæрд æрцыд Мызуры скъолайы ахуырдзау **Хъайтыхъты Тимурæн**. Дыккаг бынат саккаг кодтой суадаггаг курдиатджын лæппу **Фæрниаты Батрадзæн**. Æртыккаг бынат бацахста црайуаг сæрæн лæппу **Бутаты Сæрмæт**.

Æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы номæй Кучиты Батрадз æмæ **Мæрзойты Тамерлан** уæлахиздзаутæ æмæ сæ ахуыргæнджытæн радтой Кады гæххæттытæ æмæ æхцайы премитæ. Конкурсы иннæ архайджыты дæр сæ ахуыргæнджытимæ схорзæхджын кодтой Кады гæххæттытæй æмæ сын радтой зæрдылдарæн лæвæрттæ. ”Иудзинад”-ы советы уæнг Мæрзойты Тамерлан сæрмагонд преми снысан кодта бæрæгбоны фидыц, æцæг ирон Сатана, фæндзæм скъолайы ахуырдзау **Гогаты Мальвинæйæн**. Уый зæрдæмæхъаргæ бакаст ирон æвзагыл æмдзæвгæтæ, дæсны уыд кафынмæ дæр. Тамерлан куыд загъта, афтæмæй фидæны ахæм ерыстæ скæндзысты чызджыты ’хсæн дæр.

**<u>Жюрийы уæнгтæн зын уыд искæмæ фау æрхæссын, уæлдайдæр та — фæхъулон кæнын, скодтой конкурсы архайджытæн раст аргъ. Фыццаг бынат æнæдызæрдыгæй лæвæрд æрцыд Мызуры скъолайы ахуырдзау Хъайтыхъты Тимурæн. Дыккаг бынат саккаг кодтой суадаггаг курдиатджын лæппу Фæрниаты Батрадзæн. Æртыккаг бынат бацахста црайуаг сæрæн лæппу Бутаты Сæрмæт.</u>**

### САНАТЫ Ритæ:

**— РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр Сæлбиты Зитæйы номæй арфæ кæнын бæрæгбоны архайджытæн. Ацы æхсызгон фембæлд у фæзминаг æмæ зæрдылдаринаг. Цы диссаджы рæсугъд фæсивæд федтон, уыдонæй мæ ныфс бацыд хорз фидæнæй. Мæ зæрдæ дарын, иннæ районтæ дæр сæ кæй бафæзмдзысты, ууыл. Ахуырады министрад, скъолатæ, рæвдауæндæттæ, бинонтæ, æмткæй райсгæйæ, æхсæнад æмхъаруйæ куы архайой, æрмæстдæр уæд рæзы нæ иумæйаг хъуыддаг. Уымæн ирд æвдисæн у æхсæнадон организаци ”Иудзинад”-ы хъæппæрис.**

### ГОЗЫМТЫ Раман:

— Алагиры район ацы ирондзинады бæрæгбон скъоладзауты цæттæдзинад æмæ арæхстдзинадæй systa бæрзонд æмвæзадмæ. Уымæй иннæ районтæн уыдзæн зындæр, уымæн æмæ дæлдæр æрлæууын сæрмæхæссинаг хъуыддаг нæу. Нæ историмæ нын бирæ адæмыхæттытæ гæппæввонгæй лæууынц. Фæлæ нæм ахæм хъомысджын фæсивæд фылдæр куы уа, уæд нын тас ницæмæй уыдзæн. Курын уæ: иумæйагæй бакусæм нæ сомбоныл!

### ХÆДАРЦАТЫ Альбинæ:

**— Арæх фехъусæм: ирон æвзаг кæстæртæ нал зонынц, сæфтмæ цæуы… Ацы ерысæй та цыма зæххыл хур атылд, уыйау йæ фæстæ мæ зæрдæ у рухс, бирæ рæстæг кæндзæн цин. Ныфс нæ ис, Ирыстон, йæ кад, йе ’гъдау рæсугъд фæсивæды къухтæм кæй бацæудзæн, нæ фæстæ аккаг фæлтæртæ кæй ныууадздзыстæм, уымæй. Фыццаджыдæр, бузныг ацы рæсугъд фæсивæды ныййарджытæн, чи сæ сахуыр кодта, уыцы ахуыргæнджытæн, æмæ, ацы рæсугъд бæрæгбон махæн чи фенын кодта, уыдонæн. Ирон фæсивæдæй нæй æвзæр, лæмæгъ. Ирон туг кæй тугдадзинты цæуы, уый йæхæдæг Хуыцауæй æвзæрст у.**

**Ирон кæфтытæй, зарджытæй, æмдзæвгæтæй, хъæлдзæг ныхæстæй, лæвæрттæй, дидинджыты бæстытæ æмæ къæрццæмдзæгъдæй бæрæгбон ссис уæлдай аив æмæ зæрдылдаринаг. Фæуæлахиз адæмы иудзинад!**

**...Районты конкурсты чи фæуæлахиз уа, уыдон дарддæр архайдзысты уæлахиздзауты кæронбæттæн фембæлды Дзæуджыхъæуы.**

**Ацы арфæйаг хъуыддагæй ”Иудзинад”-ы советы уæнгты ног хъæппæрис акодта фыццаг къахдзæф. Уалдзæджы фыццаг зæрватыккау ерысы архайджытæн, къамисы уæнгтæ æмæ уазджытæн æрхаста циндзинад æмæ ныфс. Цы уыдзæн дарддæр та? Æвдисæн фæут уæхæдæг!**

Арфæйаг хъуыддаг

# Дæхи, дæ

**Горæтгæрон районы Сывæллæтты сфæлдыстады хæдзар уыцы бон уыд уæлдай бæрæгбонхуыз. Ирон фæндыры цагъд, ирон зард, сывæллæтты ирон аив кафты ”арц тох” дардмæ хъуысти æмæ зæрдæйæн хаста æгæрон циндзинад.**

**Ацы бæрæгбон районы цæрджытæ æмæ скъоладзаутæн скодта Цæгат Ирыстоны æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”. Республикæйы царды æнæбафæзмгæ æмæ æнæмæнг хъæугæ ссис, цы конкурс-æркаст расидтысты республикæйы районты скъоладзауты ’хсæн, уый. Фыццаг ерыс уыд Алагиры районы. Сæ хъæппæрис сын аддарддæр кодта Горæтгæрон район. Районы фæсивæды хуыздæр минæвæрттæ равдыстой сæ арæхстдзинад, сæ курдиат æмæ зонындзинæдтæ ерысы ирон æгъдауы.**






Ærысы бацыдысты: Октябрыхъæуæй — **Мæхъиты Сослан** (йæ ахуыргæнæг — **Бузойты Лирæ**), Джызæлæй — **Уыртаты Аслæнбег** (йæ ахуыргæнæг — **Дауиаты Эльзæ**), Комгæронæй — **Цоциты Хасан** (йæ ахуыргæнæг — **Æлборты Фатимæ**), Михайловскæй — **Джусойты Георги** (йæ ахуыргæнæг — **Битарты Дианæ**), Камбилеевкæйы 1-æм скъолайæ — **Джиоты Артур** (йæ ахуыргæнæг — **Датиты Альбинæ**), Камбилеевкæйы 2-æм скъолайæ — **Бететы Æхсар** (йæ ахуыргæнæг — **Хъæцмæзты Земæ**), Ногирæй — **Тотраты Чермен** (йæ ахуыргæнæг — **Гæджиты Езетхан**) æмæ Æрхонкæйæ — **Тадтаты Валери** (йæ ахуыргæнæг — **Тадтаты Заремæ**).

Се ’нтыстытæн сын аргъ кодтой къамисы уæнгтæ: Горæтгæрон районы ахуырады управленийы сæргълæууæг **Дзлиаты Альбинæ**, районы Минæвæртты æмбырды сæрдары хæдивæг **Къарджиаты Валери**, Цæгат Ирыстоны æхсæнадон змæлд ”Иудзинад”-ы советы уæнгтæ **Кучиты Батрадз** æмæ **Токты Валодя**, Горæтгæрон районы администрацийы адæмимæ куысты хайады сæргълæууæг **Гæджиты Таймураз** æмæ районы ахуырады кусджыты профцæдисы сæрдар **Хъуылымбегты Людмилæ**.

Æмбырды кадджын уазджытæ уыдысты мыггæгты советты минæвæрттæ **Хетæгкаты Таймураз, Гæззаты Виктор** æмæ **Цырыхаты Чермен**, Горæтгæрон районы Ныхасы сæрдар **Ходы Æхсар**, районы администрацийы культурæйы хайады сæргълæууæг **Туаты Мæдинæ**, Сунжæйы фарастазон скъолайы директор **Хуыгаты Æхсар** æмæ иннæтæ.

Бæрæгбон байгом кодта Кучиты Батрадз. Уый радзырдта æхсæнады архайды фæдыл, сæ размæвæрд нысантыл æмæ арфæ ракодта архайджытæн.

Ныхас адарддæр кодта ”Иудзинад”-ы советы уæнг **Мæрзойты Тамерлан**. Уый загъта:

— Зæххыл цы бирæ адæмыхæттытæ ис, уыдонæй алчидæр архайы йæ мадæлон æвзаг æмæ культурæ бахъахъхъæныныл. Мах дæр фæнды, цæмæй Ирыстоны уыцы табуйæгтæ макуы фæцудой. Фæнды нæ, цæмæй иумæ уæм нæ алы хъуыддаджы дæр. Уымæ гæсгæ сæйрагдæр у нæ адæмы иудзинад. Æмгомдæр та нæ кæндзæнис ирон лæджы фарн, не ’гъдау, нæ намыс. Фæнды нæ, цæмæй нæ рæсугъд фæсивæд уарзой сæ уидæгтæ, æмæ ууыл скодтам нæ куыст. Уæлахиз æмæ æнтыстджын у, Иры фæсивæд!

Ерысдзаутæ фыццаг бакастысты сæ нывæцæнтæ ”Ирон дæн æз”. Нæ бавгъау кодтой сæ хъарутæ æмæ хорз сарæхстысты ирон аив дзырды руаджы сæ хъуыдытæ зæгъынмæ. Алчидæр сæ уыд сæрыстыр йæхи ирон рахонынæй. Радзырдтой, цæмæй сын у адджын ирон ныхас, Ирыстон, ирон æгъдау, цы сæ кæны ирон, æмæ куыд лæггад кæнынц сæхæдæг дæр Ирыстонæн, уый.

**Ерысдзаутæ фыццаг бакастысты сæ нывæцæнтæ ”Ирон дæн æз”. Нæ бавгъау кодтой сæ хъарутæ æмæ хорз сарæхстысты ирон аив дзырды руаджы сæ хъуыдытæ зæгъынмæ. Алчидæр сæ уыд сæрыстыр йæхи ирон рахонынæй. Радзырдтой, цæмæй сын у адджын ирон ныхас, Ирыстон, ирон æгъдау, цы сæ кæны ирон, æмæ куыд лæггад кæнынц сæхæдæг дæр Ирыстонæн, уый.**

Иннæ фæлварæны архайджытæй алчидæр радзырдта йæ мыггаджы равзæрд, сныв кодта мыггаджы бæлас æмæ авд фæлтæры ранымадта йæ фыдæлты цардвæндагæй. Æхсызгон уыд сæ мыггæгты таурæгътæм байхъусын дæр.

# фыдæлты зон

Дарддæр сæ бахъуыд æмдзæвгæ аив бакæсын, уый фæстæ та кафт, зард æмæ уадынгæрзтыл цæгъдынæй хи бавзарын. Æркасты хицæн хай "Рагон ирон дзаумæттæ"-йы дæр фæсте нæ фæлæууыдысты. Сафайы рæхыс, хъуылæг, пирæн, хъæсдарæг, æхсырф, адæг рохуаты кæй не сты нæ кæстæртæй, уымæн æвдисæн уыдысты сæ дæсны зонындзинæдтæ. Равдыстой, куыд сæ архайын хъæуы, уый дæр.

Ныр дæр та къамисы уæнгтæн æркасты кæронбæттæны æнцон нæ уыд хуыздæрты сбæрæг кæнын. Иу иннæмæй — сæрæндæр. Фæлæ цард уарзы бæлвырддзинад. Фыццаг бынат лæвæрд æрцыд ногираг лæппу **Тотраты Черменæн**, дыккаг бынат саккаг кодтой михайловскыхъæуккаг сæрæн лæппу **Джусойты Георгийæн**, æртыккаг бынат — Джызæлы интернаты ахуырдзау **Уыртаты Аслæнбегæн**. "Иудзинад"-ы змæлды минæвæрттæ сæ схорзæхджын кодтой уæлахиздзауты майдантæ æмæ æхцайы премитæй. Æркастмæ сæ чи бацæттæ кодта, уыцы ахуыргæнджытæн дæр лæвæрд æрцыд æхцайы премитæ. Иннæ ерысдзаутæн дæр радтой зæрдылдарæн лæвæрттæ.

Конкурс-æркаст "Ирон дæн æз"-ы чи фæуæлахиз, уыдонæн Дзæуджыхъæуы уыдзæн кæронбæттæн фембæлд-ерыс. Уæхски-уæхск æрлæудзысты Иры фæсивæды хуыздæртæ алы районтæй. Къамис куыд банымадта, афтæмæй Горæтгæрон районæй ерысы архайдзæнис дыууæ минæвары: Тотраты Чермен æмæ Джусойты Георги.

— Ирондзинады æркаст уыдзæн, уый куы фехъуыстам, уæд ыл скъоладзаутимæ бацин кодтам зæрдиагæй, — загъта Михайловскы скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Битарты Дианæ. — Æхсызгон мын у, "Иудзинад" сывæллæттæн ахæм цымыдисаг бæрæгбон кæй скодта, уый. Æнæмæнг сæ алчидæр ноджы арфдæр банкъардзæн, Ирон кæй у, уый. Стыр бузныг сын!

Конкурс-æркастæн стыр аргъ скодта районы ахуырады управленийы сæргълæууæг Дзлиаты Альбинæ:

— Кæд нæхæдæг дæр нæ хъус дарæм ирон æвзаджы фарстатæм, уæддæр ацы æркаст нæ районæн æрхаста бирæ æнкъарæнтæ æмæ иумæйаг æнтыст, — загъта Альбинæ. — Бæрæгбоны хъуыды у арф. Уæлдай бузныг —"Иудзинад"-ы уæнгтæн æмæ, сывæллæттимæ цы фæлтæрдджын ахуыргæнджытæ кусы, уыдонæн. Ирон нæлгоймаг цыдæриддæр хъуамæ зона, уыдон хаст æрцыдысты æркасты домæнтæм. Ацы конкурс традицион куы суаид, уый мæ зæрдиагæй фæнды.

...Сæрмагонд арфæйы ныхасы аккаг сты, ацы хорз хъуыддаг сырæзынып чи бакуыста, уыдон: "Иудзинад"-ы уæнгтæ Токты Валодя, Кучиты Батрадз, Мæрзойты Тамерлан æмæ **Березоты Уырызмæг**, стæй Горæтгæрон районы ахуырады управленийы ирон æвзаг æмæ литературæйы методист **Цопанаты Ленæ** æмæ, архайджыты чи бацæттæ кодта, ирон æвзаг æмæ литературæйы уыцы ахуыргæнджытæ.






## Тотраты Чермены нывæцæн "Ирон дæн æз"

**Бæсты фарн! Ахæм амонд ратт,**
**Куыд нæ байсыса уарзт мæ риуы;**
**Лæгæн мæ зæрдæ — судзгæ арт,**
**Нымайæд мæ кæстæр йæхиуыл.**
**Бæттæд нæ ивгъуыдимæ сомбон,**
**Мæ зарæг сау удтæн — æрвдзæф, —**
**Рæстагæн фод мæ уд йæ дзæцц,**
**Уадз ива сахъ дзыллæтæн се 'нкъард**
**Нæртон куывдæй мæ рæзгæ дзырд.**

***ХАДЖЕТЫ Таймураз***

Рæзты ног уылæнæн ницы хуызы ис бауромæн. Фæлæ, уæвæн ис, æмæ, ныртæккæ зæххыл цы адæмыхæттытæ цæры, уыдонæй кæцыдæртæ фесæфой. Цы хъæуы бакæнын, цæмæй нæ наци ма "батайа" адæмты егъау "мæлдзыджыты губаччы" æмæ ма фæдзæгъæл уа историйы фæсвæд фæндæгтыл?

Æппæты фыццаг хъуамæ алчидæр йæ миддуне бацæттæ кæна æнахуыр æддагон ивддзинæдтæ банкъарынмæ. Уымæ та цыбырдæр æмæ растдæр фæндаг — хи уидæгтæм раздæхын, нæ рагфыдæлты удыхъæды сыгъдæгдзинадыл æнцой кæнгæйæ, не 'взаг бахъахъхъæнын.

Ирæттæ хъуамæ бамбарой, бæстæ æмæ æхсæнад цыфæнды хуызы куы рæзой, уæддæр нацийы фæллой æмæ курдиат æххæстдæрæй æмæ æхсызгондæрæй хъæуынц æрмæстдæр ам, нæхимæ, нæхи удыхъæды æмæ культурæйы хæзнаты 'хсæн куыд уой, афтæмæй.

Æнусты дæргъы ирæтты æппæт фæлтæртæн дæр тæссаг уыд иннæ адæмты 'хсæн батайынæй кæнæ бынтондæр фесæфынæй. Цæмæй уыцы хъуыддаг ма 'рцыдаид, уый тыххæй уыдысты хиуылхæцгæ æмæ æгъдауылхæст, кæрæдзимæ хъуыстой, кæстæрты ахуыр кодтой, сæхи алы уавæрты куыд дарын хъæуы, ууыл. Се 'взагмæ рæдау ахаст дардтой, тарстысты йын авгау æрхауынæй.

Уæдæ æнусты æмæ мин-мин азты дæргъы национ культурæ, историон таурæгътæ, ирон цардыуаг хæзнайау цы ирон лæджы фæзминаг миниуджытæ бахъахъхъæдтой, уыдон нæм куы уой, уæд кад æмæ намысæй цух никуы уыдзыстæм.

Æз хъомыл кæнын, фыдæлты рæсугъд æгъдæуттæн стыр кад кæм ис, ахæм ирон хæдзары. Нæ бинонтæ кæрæдзимæ дзурынц æрмæстдæр иронау. Арæх фехъусын, стæй кæмдæрты фыстæй дæр фенын ахæм ныхæстæ: "Кæд дæ ирон, уæд де 'взаг зон!" Иуæй мын вæййы æхсызгон, иннæмæй та хъуыдыты ацæуын: цымæ нын æй цæмæн нæ зæрдыл лæууын кæнынц? Ау, ирæттæ æрмæст нæ мыггæгтæм гæсгæ стæм? Æппын нæм нæ фыдæлты фарнæй ницыуал ис? Кæм ис нæ национ сæрыстырдзинад? Кæм ис нæ ирондзинад?.. Уæдæ, цæмæй нæхи æцæг ироныл нымайæм, уый тыххæй уæндонæй райсын хъæуы æцæг ирон лæджы уæззау, фæлæ кадджын хæстæ. Цæмæй алчидæр тырна йæ адæмы кад уæлдæр кæнынмæ, адæм та кæддæриддæр æмдзу кæной дунеон цивилизацийы рæзтимæ, фæлæ сæхи рæсугъд æгъдæуттæй бæрæг дарой иннæты 'хсæн.

Ирон лæг хъуамæ йæ зæрдыл дара, алы стыр æнтыст кæнæ къуыхцыйæн дæр дæргъвæтин фæстиуджытæ кæй ис, уый. Уыдæттæ хынцгæйæ, иудадзыгдæр хъуыды кæнын хъæуы кæстæртыл, ног фæлтæрыл.

Рæзгæ фæлтæры минæвæрттæн, ме 'мгæрттæн та фæдзæхсын:

— лæмбынæг хъусут æмæ уæ зæрдыл бадарут уæ бинонты æмæ мыггаджы таурæгътæ, зонут, кæцæй рацæугæ стут, уый, стæй уæ мыггæгты хуыздæр минæвæртты нæмттæ;

— тырнут уæ хистæртæн — нæлгоймаг уа, сылгоймаг — балæггад кæнынмæ æмæ уыдæттæ кæнут зæрдиагæй, аудгæйæ;

— уæхи хизут, йæ ныййарджытыл чи нæ ауды, ахæм адæмæй, уымæн æмæ уыдон цыфæнды ардбахæрд дæр фехалдзысты, гадзрахатæй уыл рацæудзысты зындзинады рæстæг.

Ме сфæлдыстадон куысты кæронбæттæны мæ фæнды мæ хъуыдытæ Галуанты Людæйы æмдзæвгæ "Ирон æвзаг"-æй зæгъын:

**"У махæн, арвау, стъалыджын нæ дзырдуат,**
**Нæ намыс — не 'взаг, зæрдæтæн сæ таг.**
**Ирæттæй нæ æрмæстдæр зонынц уымæн,**
**Кæй нын ис "Нартæ", "Симд" æмæ "Къоста".**
**Куы нæ уа не 'взаг, нал уыдзыстæм мах дæр,**
**Нæхи сæфтмæ цæмæн бæллæм, зæгъ-ма!**
**Фæдисонау цæгъдын дзæнгæрæг Ирыл:**
**О, бахъахъхъæнæм не стырдæр хæзна!"**

**Арфæйаг хъуыддаг**

# "Иудзинад" адæмы

**Зындгонд куыд у, афтæмæй ацы азы райдайæны Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд "Иудзинад" иумæйагахуырадон скъолаты хистæр кълæсты лæппу-ахуырдзауты 'хсæн расидт æркаст-конкурс "Ирон дæн æз". Уымæн йæ кæронбæттæн æрæджы уыд Дзæуджыхъæуы, театр "Саби"-йы бæстыхайы.**







Иу сценæйыл ерыс кодтой, уымæй размæ районты цы æркастытæ уыд, уым чи фæуæлахиз, кæнæ районтæ комкоммæ кæй сминæвар кодтой, уыцы сæрæнгуырдтæ: Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуырдзау **Калоты Георги** (йæ ахуыргæнæг — **Уалыты Илонæ**), Рахизфарсы районæй — брутаг лæппу **Багаты Арсен** (йæ ахуыргæнæг — **Калоты Ларисæ**), Алагиры районæй — мызуйраг лæппу **Хъайтыхъты Тимур** (йæ ахуыргæнæг — **Къадзаты Мæдинæ**), Горæтгæрон районæй: ногираг лæппу **Тотраты Чермен** (йæ ахуыргæнæг — **Гæджиты Езетхан**) æмæ Михайловскæй — **Джусойты Георги** (йæ ахуыргæнæг — **Битарты Дианæ**).

Ерысдзауты арæхстдзинадæн аргъ кодтой жюрийы уæнгтæ: РЦИ-Аланийы национ ахастдзинæдты министры хæдивæг **Бæгъиаты Алан**, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы ахуырады управленийы сæргълæууæг **Гозымты Раман**, паддзахадон телерадиокомпани "Алани"-йы музыкалон программæты режиссер, РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг **Газайты Зоя**, Турчы цæрæг ирæтты минæвар **Пухаты Зале**, æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы советы уæнг **Дзуццаты Феликс** æмæ Сунжæйы фарастазон скъолайы директор **Хуыгаты Æхсар**.

Бæрæгбон амыдтой "Иудзинад"-ы советы уæнг **Токты Валодя** æмæ Алагиры 2-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Хъæцмæзты Фатимæ**.

Лæппутæ сæхи равдыстой иу иннæмæй арæхстджындæр æмæ сæрæндæрæй. Æмæ та царды ныфс æрбауылæн кодта нæ зæрдæтыл. Лæппутæ æз хуызæр æмæ арæхстджындæрæй бацыдысты ерысы нывæцæн "Ирон дæн æз" ныффыссын æмæ аив бакæсынæй, алчидæр йæ мыггаджы истори радзурын, мыггаджы бæлас бацæттæ кæнын æмæ мыггаджы таурæгътæ радзурынæй. Тынг сæрæн разындысты, хæлттæ сæппаргæйæ, ирон бæрæгбæттæ æмæ хæдзары мидæг рагон ирон кусæн дзаумæтты нысаниуæг æмæ ахадындзинады тыххæй радзурынмæ. Уæдæ кафын, зарын æмæ æмдзæвгæтæ аив кæсынмæ дæр сæхи равдыстой æнаиппæй. Тохы гимнау зæрдæмæхъаргæ уыдысты Тотраты Черменæн йæхи фыст æмдзæвгæйы ныхæстæ: "Дзурут нæм, нæ мадæлтæ, иронау, науæд ныл мæгуыры бон кæны!"

Куыд аив уыдис Хъайтыхъты Тимуры рагон, уæздан "Хонгæ кафт", куыд зæрдæмæхъаргæ бакаст йæ нывæцæн "Ирон дæн æз", куыд бæстон радзырдта сиахсы цыды æгъдауы хабæрттæ кæрæй-кæронмæ. Рагон ирон хæдзары дзаумæтты 'хсæн бирæ хистæртæ кæфой аргæ дæр не скæндзысты, Тимур бæрæгбоны архайджыты ацы дзаумаимæ базонгæ кодта: "Кæфой хæдзары мидæг æнæмæнгхъæугæ дзаума уыд. Адæм-иу сæ хор куы æрæмбырд кодтой, уæд ын кæфойы дымгæмæ дардтой йæ згыуымтæ. Кæфойтæ алы хуызы уыдысты. Кæм фылдæр цыд, кæм — къаддæр. Фæлæ иууылдæр быд уыдысты лыстæг уисæй. Сæ хуылф та сæрст уыд хъуджы фаджысæй (уæ фарн бирæ), цæмæй хоры нæмгуытæ зæхмæ ма згъæлдаиккой, уый тыххæй".

Къамисы уæнгтæ сагъæсы бацыдысты: мызуйраг æнаипп, сæрæн лæппу Хъайтыхъты Тимур æмæ ногираг хиуылхæст, æгъдауджын æмæ хæдæфсарм сæрæнгуырд Тотраты Черменæн сæ æнтыстыты æвдисæн нымæцтæ кæрæдзимæ æрлæууыдысты хæстæг. Æнцон нæ уыд, фæлæ сбæрæг сты хуыздæртæ. Фыццаг бынат лæвæрд æрцыд **Хъайтыхъты Тимурæн**, дыккаг — **Тотраты Черменæн**, æртыккаг — **Джусойты Георгийæн**. Æхсæнад "Иудзинад"-ы советы уæнгтæ Дзуццаты Феликс, **Кучиты Батрадз**, **Берозты Уырызмæг, Мæрзойты Тамерлан, Туаты Алан** æмæ **Хадыхъаты Ацæмæз** арфæракодтой уæлахиздзаутæн æмæ сæ схорзæхджын кодтой конкурс-æркасты майдантæй. Куыд скъоладзаутæн, афтæ сæ ахуыргæнджытæн дæр лæвæрд æрцыдис æхцайы премитæ, Кады гæххæттытæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ. Ерысы иннæ архайджытæ дæр райстой Кады гæххæттытæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ. Æнæрхъуыдыйæ нæ баззадысты, ацы хорздзинад саразыныл зæрдиагæй чи бакуыста, уыцы хæрзгæнджытæ дæр.

# æнгом кæны

Бæрæгбон сæ аивадæй саив кодтой æрыгон зарæггæнджытæ **Айларты Дианæ, Гуырцъыты Зæлинæ**, фæндырдзæгъдæг **Цгъойты Айрат**, Алагиры 3-æм скъолайы кафджыты къорд, йæ аивадон разамонæг — **Гусалты Альбинæ**, дæсны зарæггæнæг **Гæбуты Светланæ** æмæ иннæтæ.

— Куыд адджын дæ, мæ ирон æвзаг, куыд дойны дæ кæнын! — загъта Пухаты Зале. — Цалынмæ цæрон, уæдмæ мын ацы фембæлдтытæ уыдзысты мысинаг. Раст хурæркастау, зæрдæйæн стут царды бон! Уæ цæрæнбон бирæ, мæ адæм! Турчы цæрджытæн Ирыстон у йе стыр ныфс. Æнусмæ цæр, Ирыстон!..






**Конкурсы уæлахиздзау Хъайтыхъты Тимуримæ мын рауад ахæм ныхас:**

**— Тимур, цавæр æнкъарæнтæ дын æрхаста дæ уæлахиз?**

— Раст зæгъгæйæ мын ацы хабар тынг æхсызгон у. Кæд ерыс хуыйны, уæддæр архайæг лæппутæн уыд стыр бæрæгбонау. Систæм хæлæрттæ. Ацы бæрæгбон чи саразта, уыдон дæр хуыйнынц "Иудзинад" æмæ нæ бæрæгбон дæр у фæсивæды иугæнæг фæрæз. Иудзинад нæм куы уа, уæд нæ фыдæлтау уыдзыстæм æнгом æмæ æгъдауджын.

**— Уый æнхъæл уыдтæ æмæ фыццаг бынат бацахсдзынæ?**

— Кæд ме уæны нæ кæсын! Мæ хæлæрттæ рагагъоммæ æууæндыдысты мæ уæлахизыл. Фæлæ сын загътон, тагъд ма кæнут, ацы фæзы уæлахиз адæймаг нæй, иууылдæр иухуызæн хъаруджын стæм, уымæн æмæ дзурæм иронау æмæ ирондзинадыл.



**— Цавæр бæллиц дæм ис?**

— Мæ мадæлон æвзаг, нæ фыдæлты æгъдæуттæ æмæ намыс фæлтæртæм хæссын. Цæмæй цæра æмæ хъуыса ирон лæджы ном.

**— Цы уарзыс?**

— Уарзын мæ фыдæлты тыххæй таурæгътæм хъусын æмæ мæ мадæлон æвзаг.

**— Ныр дæсæм къласмæ цæуыс, фæлæ скъола каст куы фæуай, уæд дарддæр цавæр дæсныйад райсынил ахуыр кæндзынæ?**

— Ме 'фсымæримæ уарзæм хъæдæй алы хуызы хæдзары дзаумæттæ æмæ зæрдылдарæн сувениртæ аразын. Фæлæ мæ бæллиц у хæдзарарæзæгыл сахуыр кæнын. Уый мæм хъæдимæ куыстæй ахсджиагдæр хъуыддаг кæсы. Мыййаг, Ирыстонæй ахуыр кæнынмæ, йе кусынмæ дард горæтмæ куы ацæуон, чи йæ зоны, райсомы бон цы уыдзæнис, уæддæр мæ зæрдæ мæ Ирыстон æмæ мæ адæмыл никæд сивдзынæн.

**— Кæй руаджы дæ цыма сæрæй къæхтæм ирондзинады халтæй нывæзт?**

— Мæ мадæлон æвзагмæ уарзондзинад, фыццаджыдæр, цæуы мæ бинонтæй, скъолайы ахуыргæнджытæ æмæ хъæубæсты цæрджытæй, мæ хистæртæ æмæ кæстæртæ кæрæдзимæ цы цæстæнгас дарынц, уымæй. Æз дæр архайын уыцы рæсугъддзинад адарддæр кæныныл.

**Нæ фыдæлтæ, дам, уайдзæфæй рынчын кодтой, фидисæй — мæлгæ. Тæхуды, ацы арфæйаг ахуыргæнджытæ се скъоладзаутимæ куыд бæстон бакуыстой, æмгуыппæй афтæ Иры фæсивæдмæ бавнал, уæд уый кæуылты амонд уаид. Уайдзæф æмæ фидисæй дæр хызт уаиккам, æмæ нæм ЮНЕСКО, ирон æвзаг сæфы, зæгъгæ, зæгъын дæр нал бауæндид.**

**Дидинæг чи нæ калы, уый, дам, дыргъ нæ дæтты. Æхсæнад "Иудзинад"-ы уæнгтæ цы ахсджиаг мадзал саразтой, уымæй рауад ирондзинады дидинæгкалгæ уалдзæг. Уæдæ дыргъ дæр уыдзæн!**

**ХЕТÆГКАТЫ-УАНИТЫ** Оксанæ

**Фембæлдтытæ дзуарылæгтимæ**

# Æмвæнд, æмзондæй...

**Æрæджы "Иудзинад"-ы цы æмбырд уыд, уым змæлды советы уæнгтæ фембæлдысты быдыры хъæуты кувæндæтты дзуарылæгтæ æмæ фысымтимæ.**

**Æмбырд байгом кодта змæлды советы уæнг КУЧИТЫ Батрадз. Уый фæстæ ныхасы бар райста советы уæнг МÆРЗОЙТЫ Тамерлан.**

"Дыууæ азы размæ мах иу къорд лæгæй æрбамбырд стæм æмæ бауынаффæ кодтам æхсæнад саразын, — загъта Мæрзойы-фырт, — хонгæ та йæ скодтам "Иудзинад". Уымæн æмæ æнæ иудзинадæй цæрæн нæй ницавæр дуджы æмæ рæстæджы дæр. Нæ размæ цы ахсджиаг хæстæ æрæвæрдтам, уыдон та сты фыдæлты хорз æгъдæуттæ æмæ традицитæ бахъахъхъæнын, нæ нæртон æвзаджы ног хъару бауадзын. Абон æй хистæртæ хорз кæй зонынц, уый æгъгъæд нæу, фæлæ ма йыл сомбон хъуамæ нæ кæстæртæ дæр дзурой. Ахсджиаг хъуыддаг у, цæмæй Иры дзыллæтæ кæрæдзимæ æнгом æрбалæууой, æмæ дарддæры рæсугъд цардæн æмзонд æмæ æмвæндæй уынаффæтæ кæнæм. Не 'рвылбоны царды Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæн сыгъдæгзæрдæйæ куы кувæм, уæд мах ницæмæй фæрæдидзыстæм, æххуыс нын цы кæндзысты, уымæй уæлдай".

Дарддæр Мæрзойы-фырт бафиппайдта, зæгъгæ, ныронг "Иудзинад"-ы советы уæнгтæ фембæлдысты Дыгуры, Уæлладжыры, Куырттаты, Дæргъæвс æмæ Хъобаны кæмтты кувæндæтты дзуарылæгтимæ, ныр та, дам, æмбæлæм сымахимæ дæр, цæмæй кæрæдзийы хуыздæр бамбарæм, уæ фæндæттæм байхъусæм, æмæ цыдæриддæр бауынаффæ кæнат, уый мах сараздзыстæм.

Ныр та кæрæдзийы фæстæ раныхас кодтой Ног Бæтæхъойыхъæуы кадджын хистæртæ **Цъыккаты Æхсарбег** æмæ **Кокайты Алик**. Куыд загътой, афтæмæй, æхсæнад "Иудзинад" Цæгат Ирыстоны арæзт кæй æрцыд, уый стыр æххуыс фæуыдзæн нæ адæмы æрбангом кæнынæн. Хъуамæ нæ ирондзинад ма фесафæм, æмæ уый тыххæй та нæ кад, нæ намыс бæрзонд хæссæм.

"Нæ хъæубæстæ кæддæриддæр кадджын æмæ раджынæй фæбæрæг кæнынц Уастырджийы, Уациллайы, æндæр зæдтæ æмæ дауджыты бæрæгбæттæ, — загъта Мæздæджы районы Веселæйы хъæуы цæрæг **Хъулаты Майрæм**. — Фæлæ нæм иудзинад нæй, æмæ ууыл басæттын хъæуы. Уавæр афтæ у, æмæ арæх нæ бæрæгбæтты рæстæг фынджы хистæрæн бадын ничи фæкомы, чи сбады, уымæ та кæстæртæ дæлейæ уæлæмæ ныхасæппарæн фæкæнынц, æмæ уый раст нæу. Хъуамæ алчидæр йæ бынат зона, æмæ уæд нæ алы хъуыддаг дæр рæсугъддæр уыдзæн".

Дарддæр Хъулаты Майрæм дзырдта, ныртæккæ районы фылдæр хъæуты ирон сывæллæттæ арæхдæр уырыссагау кæй дзурынц, уый тыххæй. Уымæ гæсгæ æмбырды архайджыты æргом аздæхта, цæмæй, канд Мæздæджы районы нæ, фæлæ æндæр рæтты дæр ныййарджытæ сæ сывæллæттæм дзурой иронау. Æрмæстдæр, дам, афтæмæй бауыдзæн нæ бон мадæлон æвзаг бахъахъхъæнын.

Бафиппайын хъæуы: æмбырды архайджытæй куы иу, куы иннæ дзырдта, ныртæккæ хъæуты хуымзæххытæ хицæн адæймæгты бæрны кæй сты, пайда сæ кæй нæ кæнынц, уый тыххæй. Æмæ уый фæдыл дæр Мæрзойты Тамерлан æмбарынгæнæн ныхас ракодта: "Змæлд "Иудзинад" политикон фарстатæ не 'взары. Нæ хæс у ирон адæмы æрбангом кæнын, æмæ хъуамæ ууыл дывæр хъарутæй архайæм. Хъыгагæн, комæй-коммæ нæм хицæндзинæдтæ кæй ис, уымæй уæлдай иу фынджы уæлхъус дæр нæм ныхмæлæуддзинæдтæ рауайы æмæ уый раст нæу".

Дзуæртты номыл бæрæгбæттæ Хуссар Ирыстоны куыд кодтой, уый тыххæй æмбырды радзырдта **Багаты Виктор**. Джызæлы Уациллайы кувæндоны дзуарылæг **Дойаты Таймуразы** ныхас та уыд, ныртæккæ зианы фынджыдзагыл дæр æртæ чъириты кæй æрæвæрынц, уый тыххæй.

Цæгат Ирыстоны кæмтты цæрджыты æгъдæутты цы бирæ хицæндзинæдтæ ис, уыдоны тыххæй дзырдта "Иудзинад"-ы советы уæнг **Фæрниаты Эльбрус** æмæ æмбырды архайджытæй куырдта, цæмæй, абон куы нæ уа, уæддæр райсом, хуыздæр цы у, иу ахæм хъуыдымæ æрцæуæм.





**"Дыууæ азы размæ мах иу къорд лæгæй æрбамбырд стæм æмæ бауынаффæ кодтам æхсæнад саразын, — загъта Мæрзойы-фырт, — хонгæ та йæ скодтам "Иудзинад". Уымæн æмæ æнæ иудзинадæй цæрæн нæй ницавæр дуджы æмæ рæстæджы дæр. Нæ размæ цы ахсджиаг хæстæ æрæвæрдтам, уыдон та сты фыдæлты хорз æгъдæуттæ æмæ традицитæ бахъахъхъæнын, нæ нæртон æвзаджы ног хъару бауадзын.**

Мидисджын уыдис советы уæнг **Токты Валодяйы** раныхас дæр. Уый æмбырды архайджытæн фехъусын кодта, æхсæнад "Иудзинад"-ы хайад Алагиры районы арæзт кæй æрцыд, уый тыххæй. "Куыд зонут, афтæмæй æрæджы "Иудзинад"-ы совет уынаффæ рахаста республикон æркаст-конкурс "Ирон дæн æз" саразыны тыххæй. Æрæджы Алагиры 5-æм скъолайы æмбырдтæаразæн залы скодтам уыцы æркасты фыццаг къæпхæн, — загъта дарддæр Валодя. — Майрæмададжы, Дзуарыхъæуы, Хæтæлдоны, Уæллаг Фыййагдоны, Црау æмæ Мызуры иумæйагахуырадон скъолаты ахуырдзаутæ ерыс кодтой ирон æвзаг æмæ не 'гъдæуттæ зонынæй, хуыздæр нывæцæн ныффыссынæй... Æмæ æвзæр нæ сарæхстысты, конкурсæн стыр аргъ скодтой канд ахуырады кусджытæ нæ, фæлæ ма ардæм цы бирæ адæм æрцыд, уыдон дæр".

Уый фæстæ æмбырды архайджытæ байхъуыстой **Хъалæгаты Батрадзмæ**: "Æз ардæм куы цыдтæн, уæд мын мæ хистæртæ бафæдзæхстой, цæмæй Мæрзойты Тамерланæн, Кучиты Батрадз æмæ Токты Валодяйæн Хъалæгаты мыггаджы номæй арфæ ракæнон, Алагиры районы сывæллæттæн рæсугъд бæрæгбон кæй сарæзтой, уый тыххæй".

Раст куы зæгъæм, уæд æхсæнад "Иудзинад" ууыл йæ бастдзинад нæ хицæн кæны фæсивæдимæ. Дарддæр гæнæнтæ æмæ мадзæлттæ агуырд цæудзæн кæстæрты æрбангомдæр кæнынæн. Ныр та уал змæлды советы уæнг **Туаты Алан** радзырдта республикæйы дзуарылæгты совет саразыны тыххæй. Уæдæ мыггæгты советтæ дæр чысыл æххуыс нæ фæуаиккой ирон адæмы иудзинад фидардæр кæнынæн, æмæ уый тыххæй та **Хетæгкаты Таймураз** загъта йæ хъуыдытæ.

Кæронбæттæны Мæрзойты Тамерлан фæсидт æмбырды архайджытæм, цæмæй фарны ныхас кæнæм, иудзинадыл хæст уæм, сыгъдæгзæрдæйæ кувæм Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм. Уæд нæ хъуыддæгтæ кæддæриддæр рæстмæ цæудзысты.

# Æгъдау — æппæты сæр

2 ←

Æмбырды раныхас кодта Хохы Дæргъæвсы хистæртæй иу — **Токаты Сафарбег**. Уый загъта:

— Мæнæн æхсызгон у, ацы рæсугъд хъуыддаджы кæй архайын, уый. Нæ фæрныг æгъдæуттæ æмæ традицитæ махæн нæ фыдæлтæ ныууагътой. Мах сæ дарддæр нæ кæстæртæм куы нæ хæццæ кæнæм, уæд ацы куыст нæ бæсты ничи бакæндзæн. Уымæ гæсгæ, кæстæрты хæстæгдæр æрбалæууын хъæуы хистæртæм, цæмæй нæ рæсугъд æгъдæуттæ æмæ традицитæ рохуаты ма баззайой.

Токаты Сафарбег куыд радзырдта, афтæмæй Дæргъæвсы комы ис 5 хъæуы. Сæ цæрджытæ кувынц бирæ зæдтæ æмæ дауджытæм. Æрмæст Джимарайы ис 7 кувæндоны. Æрæджы скодтой Алардыйы куывд, ныр та цæттæ кæнынц Тбау-Уациллайы бæрæгбонмæ.

Мидисджын ныхас ракодта Хъобаны Уастырджийы кувæндоны дзуарылæг **Джыккайты Амиран** дæр. Куыд загъта, афтæмæй Хъобанæй бирæ зындгонд адæмтæ рацыд. Уыдон сты Тылаттаты Чермен, Хъаныхъуаты Бола æмæ иннæтæ. Хистæртæ кæстæрты æдзухдæр ахуыр кæнынц уыдоны таурæгъон фæлгонцтыл.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, рæзгæ фæлтæры æхсæн, хъыгагæн, ис, адæмы хъæр чи не 'мбары, ахæмтæ дæр. Уыдон карз нозт нуазынц, æмхиц сты наркотиктæм, æндæр галиудзинæдтæм. Зæгъæм, æрæджы фæкъахтæуыд, Джызæлы сæрмæ Хъобангомы цы кувæндон ис, уый. Уымæ гæсгæ кæстæрты хъæуы, размæ сæ чи схойа, ахæм тых, æмæ ууыл Хъобангомы хистæртæ архайгæ дæр кæнынц. Фæлæ арæх кæстæртæ хистæртæй сæхи дæрдты ласынц, æмæ Джыккайы-фырт уый тыххæй дæр йæ хъуыды балхынцъ кодта, зæгъгæ, кæстæр хистæрæй кувæггаг куы нæ райса, уæд æгъдауыл кæд сахуыр уыдзæн.

Уый фæстæ кæстæрты номæй æмбырды раныхас кодта **Кокойты Алик**: "Мæнæн бирæ æрдхæрдтæ ис æндæр адæмтæй. Фæлæ сæ мæ бон нæу Ирыстонмæ æрхонын. Уымæн æмæ нæ алывæрстæм куы акæсай, уæд бирæ рæтты вæййы æнæфснайд, æмæ тæрсын, ме 'рдхæрдтæй мыл исчи куы фæхуда, уымæй. Раст мæм нæ кæсы, хъоды кæй ферох кодтам, уый дæр. Хъуамæ йе 'взæрдзинады тыххæй дзуапп дætta алчидæр, æмæ ныры дуджы дæр пайда кæнын хъæуы адæмон тæрхондоны хъомысæй".

Хъомыладон фарстатыл уыд змæлды советы уæнг **Туаты Аланы** раныхас дæр.

— Кувæндонмæ æрмæст нуазынмæ æмæ хæрынмæ чи цæуы, уый раст нæ кæны, — бафиппайдта Туайы-фырт. — Дзуæрттæн табу кæнын хъæуы, сыгъдæгзæрдæйæ сæм кувын, æмæ æххуыс дæр уæд кæнынц. Фырнозтджынæй йæ къæхтыл чи нал фæлæууы, ахæм лæджы куывд та кæцы дзуар хъуамæ айса йæхимæ? Карз нозт куы нæ нуазæм, æмсæр-æмзондæй куы бавналæм фыдæлты фæзминаг æгъдæуттæ царды уадзынмæ, уæд нæ сомбон рæсугъддæр уыдзæн. Фыд æмæ мад кæд сæ кæстæрæн иугæр зонд нæ амонынц, уæд уый сидзæрæй хъомыл кæны. Ахъуыды кæнын хъæуы, ирон æвзаг æмæ литературæйы уроктæ не скъолаты къаддæрæй-къаддæр кæй кæнынц, ууыл дæр.

Æмбырды ма алыхуызон фарстаты фæдыл сæ хъуыдытæ загътой **Хетæгкаты Таймураз, Гæззаты Виктор, Дзампаты Зауырбег, Дзебысаты Валери, Гæдиаты Эльбрус** æмæ иннæтæ. Кæронбæттæны Кучиты Батрадз хатдзæгтæ скодта æмбырды архайджыты раныхæстæй.

**Дзуарылæгты æхсæнады бындурæвæрæн æмбырд**

# Æмхъаруйæ куы архайæм...

**Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы уыдис æмбырд. Ацы хатт æм советы уæнгтæ фæхуыдтой, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны алы кæмтты кувæндæтты дзуæрттæн чи лæггад кæны, уыцы фарны лæгты.**

Фембæлд цыбыр разныхасæй байгом кодта организацийы советы уæнг **Кучиты Батрадз**. Уый æмбырды архайджыты зæрдыл æрлæууын кодта, амæйразмæ "Иудзинад" дзуарылæггтимæ цы фембæлдтытæ сарæзта, уыдоны рæстæг цы фæндон бахастæуыд, уый: ома, цæмæй арæзт æрцæуа, дзуарылæггтæн сæ дарддæры архайды æххуыс чи кæндзæн, ахæм æхсæнад.

"Кæд афтæ у, уæд мах не





стæм уæ хъуыдыйы ныхмæ. Хъуамæ ацы æхсæнадмæ бацæуа, уæ номæй "Иудзинад"-ы разамындимæ чи кусдзæн, дыууæ-æртæ ахæм адæймаджы алы комæй дæр. Фæлæ иннæ дзуæртты фысымтæн дæр æхсæнады дуæрттæ æхгæд нæ уыдзысты. Табуафси, цæут нæм, цы фарстатæ уæм сæвзæра, уыдоны фæдыл. Æппæт фарстатыл дæр æмвæнд-æмзондæй кусдзыстæм", — загъта Кучиийы-фырт.

Фыццаг ныхасы бар райста Дыгургомы кадджын хистæртæй иу, педагогон куысты ветеран, мæхческаг **Дзагкойты Бидола**.

"Цы хъуыддагыл дзурæм, уый ахсджиаг у, "Иудзинад"-ы рæнхъытæ фæхъомысджындæр кæнынæн стыр ахъаз чи фæуыдзæн, ахæм, æмæ йыл дæрдты ныхас кæнын нæ хъæуы. Уымæн æмæ йæ руаджы лыггонд цæудзысты нæ цардыы риссагдæр фарстатæ. Æз дæн дзуарылæгты æхсæнад саразыны фарс", — фæбæлвырд кодта йæ хъуыды Дзагкойы-фырт.

Ахæм разыйы ныхас ракодта Хидыхъусы дзырддзæугæ хистæр **Годжиаты Лактемыр** дæр:

"Хорз у, æхсæнад арæзт кæй цæуы, уый, — загъта Лактемыр. — Хъуамæ дзуæрттæн кувынæй уæлдай йæ уæнгтæ архайой æхсæнадон фарстатæ лыг кæныны хъуыддаджы дæр. Нырткæкæ фæсивæдæй иуæй-иутæ нал æмбарынц, æгъдау цы у, уый, æмæ абон сæ фарсмæ куы нæ балæууæм, уæд фæстæдæр се сраст кæнын къухы зынтæй бафтдзæн".

Фæсивæдимæ куысты, кæстæрты хъомылады фарстатыл уыд Дзывгъисы Уастырджийы дзуарæн лæггадгæнæг **Елхъанаты Хъазыбеджы** раныхас дæр: "Æз архайын, цæмæй дзуары бæрæгбоны æмæ æндæр бон дæр дзуары бынмæ хъæбæр нозт куыд ничи хæсса, ууыл, фæлæ фылдæр хатт уый къухы нæ бафты. Хъуамæ алчидæр архайа æгъдауыл, дзуары бын йæхи сыгъдæгæй равдисыныл".

Хуссар Ирыстоны минæвар **Багаты Виктор** дзырдта, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны цæрæг адæм кæрæдзимæ æнгомдæр куыд æрбалæууой, уый тыххæй. Хъуамæ, дам, сног кæнæм, фыдæлты рагон æгъдæуттæ æмæ традиции хорзæй цы уыд, уыдон. Фæндон бахаста, цæмæй раздæры хуызæн ныр дæр бæгæны фыцæм нæ дзуæртты кувæндæтты. Уæд, дам, кувæг адæм карз нозт къаддæр нуаздзысты, æмæ уый алы дзуарæн дæр æхцон уыдзæн.

Уый фæстæ та æмбырды сæрдариуæггæнæг Кучиты Батрадз бакаст дзуарылæгты æхсæнад саразыны фæдыл "Ирыстоны рухс кувæндæтты фысымты фарны ныхас ирон адæммæ".

Дарддæр радзырдта "Иудзинад"-ы советы уæнг **Мæрзойты Тамерлан**:

"Мах ацы документы проект бацæттæ кодтам æмæ йæ хæссæм уæ тæрхонмæ. Кæд дзы исты аивын хъæуы, кæнæ уæм бафтауинæгтæ ис, уæд, табуафси, кæддæриддæр разы уыдзыстæм уæ фæндæттыл. Йæ мидис та уый мидæг ис, цæмæй æрбалæууæм кæрæдзийы фарсмæ, бахъахъхъæнæм не 'взаг, не 'гъдæуттæ æмæ нæ удварны иннæ хæзнатæ".

Хицæн фиппаинæгтæ æмæ срастгæнинæгтæ бахæссыны фæстæ "Фарны ныхас" æвæрд æрцыд хъæлæс кæнынмæ, æмæ йæ æмбырды архайджытæ æмхъæлæсæй сфидар кодтой (мыхуыргонд цæуы дæлдæр). Афтæмæй æмбырды архайджытæ сфидар кодтой Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны дзуарылæгты æхсæнад саразыны тыххæй уынафæ.

**ТОХСЫРТЫ Къоста**

## Ирыстоны рухс кувæндæтты фысымты фарны ныхас ирон адæммæ

**Мах, Ирыстоны рухс кувæндæтты фысымтæ, сфæнд кодтам саразын кувæг лæгты æмæ кувæндæтты (дзуæртты) адæмæн лæггадгæнджыты æхсæнад.**

**Не 'хсæнады размæ æвæрæм ахæм нысантæ: æгъдауæй дæр æмæ закъонæй дæр нæ кувæндæттæ хъахъхъæнын, сыгъдæг æмæ сæ аивæй дарын, нæ кадджын фыдæлтæ Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм цы рухс кувæндæтты куывтой, уыдоны мидис кæстæртæн амонын, алкæцы дзуары бынмæ дæр йæ афоныл куывдты цæуын.**

**Куыд зонæм, афтæмæй Ирыстоны адæм фыдæйфыртмæ комкоммæ кувынц Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм, табу сын кæнынц æмæ сыл фæдзæхсынц Иры дзыллæты. Æмæ нæ кæд нæ фæнды иннæ адæмты 'хсæн байсысын, уæд хъуамæ нæ рухс кувæндæтты кад сисæм бæрзонд æмæ, чи цы хъæубæстæй рацыд, уым цы дзуæрттæ ис, уыдонмæ йе 'ргом аздаха. Афон æрцыд хи зондæй нæ фыдæлты фарнимæ цæрынæн.**

**Мах иу кæны нæ рагфыдæлты æгъдау. Æмæ уыцы диссаджы æгъдауы цы арф зонындзинæдтæ æмæ æууæндындзинад, кад æмæ рад ис, уыдоны хорзæхæй хъуамæ хайджын кæнæм Ирыстоны кувæг, омменгæнæг æмæ аходæг адæмы. Бæлвырд у уый дæр, æмæ Хуыцау йе сконд зæдтæн бабар кодта бирæ хорздзинæдтæ, цæмæй сæ тауой йæ табугæнæг адæмыл. О, Хуыцау, дæ фæдзæхст, де уазæг бакæн дæ кувæг адæмы!**

## Дзырды хъомыс

***Адæмæн зæхх у сæ дарæг.***
*Къоста*

***

*Иу лæджы тыхæй тыхджын сты адæм.*
***Брытъиаты Елбыздыхъо***

***

***Цыфæнды тых ныл æрцæуæд, — æгад нæ сæрмæ нæ хæссæм.***
*Мамсыраты Темырболат*

***

*Цæрынæй тæрс, мæлынæй ма тæрс.*
***Кочысаты Мухарбег***

***

***Искæй хорздзинадыл бацин кæнын зын у, зæды зæрдæ хъæуы уый тыххæй.***
*Коцойты Арсен*

***

*Æфсымæртæй дæр вæййы, знæджы фарс чи фæхæцы, ахæмтæ.*
***Боциты Барон***

***

***Къордгæйттæ фестæм. Асасти нæ тых, нæ хъару.***
*Гæдиаты Цомахъ*

***

*...ныры хуызæн Ирыстоны лæджыхъæд никуы бахъуыдис...*
***Фæрнион***

***

*Ирон адæмы 'хсæн дзырд уадыбæхыл бады, сусæг нæ кæны.*
***Гæдиаты Секъа***

***

***Фæзынут-ма, фæзынут, Ирыстоны сагсур фæсивæд!***
*Хъороты Дауыт*

***

*...æнæ аипп дунейы хъуыддæгтæй ницы ис.*
***Тыбылты Алыксандр***

***

***Лæгæн йе уæнгтæй иу куы рисса, уæд æгас буар дæр риссы; буар куы рисса, уæд алы уæнг дæр риссы. Афтæ сты адæм дæр.***
*Тлатты Хох*

***

*Бауарзут ирон кусæг адæм уæ кæридзийы фæллой, уæ кæрæдзийы цард, æмæ ма фесæфæм æгадæй.*
***Барахъты Гино***

***

***Нарт уыдысты цардуарзаг адæм.***
*Нигер*

***

*Адæм æмзонд æмæ æмдых куы уой, уæд сын басæттæн нæй.*
***Мамсыраты Дæбе***

# Иры фарн æмæ Иудзинады мæсыг

## Нырыккон таурæгъ

Иры кæмттæй иуы цардысты бинонтæ, æмæ сын æртыккаг хъæбулæн райгуырд лæппу. Рæзыди лæппу, хъомыл кодта. Цумахъом куы фæци, уæд дзы йæ цæрдæгдзинад æмæ æнæзивæджы тыххæй йæ мады мад раппæлыд, мæнæ мын цы диссаджы хъæбул радта Хуыцау, мæ къух мын фæрог кодта, зæгъгæ. Æмæ уæд лæппуйæн йæ рахиз уæхскыл абадтис йæ Хуыцауы хай йæ зæд-бæлон адæймаджы цæсгомимæ. Сывæллон та ноджы зæрдиагдæрæй æххуыс кодта хистæртæн. Афтæ царди лæппу, хъомыл кодта.

Фæлæ иу бон куы уыди, уæд хъæуы æрцыд æвирхъау хабар — арв ныццавта сылгоймаджы. Адæм фæдисы тахтысты. Сывæллон фыццаг хатт федта зиан æмæ бамбæрста, цардæн кæрон кæй ис, уый. Æмæ уæд йæ уæнгты бацыд тасдзинад. Æмæ уыцы тарстæй æхсæвыгон йæ галиу уæхскыл абадтис йæ хæйрæджы хай, айтыгъта йæ хæлынбыттыры базыртæ, æмæ йæхицæн уым бынат скодта.

Цыдысты азтæ, рæзыд лæппу. Æмæ-иу исты хорздзинад куы скодта, уæд ынниу йæ Хуыцауы хай йæ сæр æрсæрфта, раарфæ-иу ын кодта. Фæлæ-иу йæ зæрдæйы исты маст куы бацыди (тарстдзинад, æлгъагдзинад, хиндзинад), уæд та-иу йæ хæйрæджы хай йæ хæлынбыттыры базыртæ аивæзта æмæ-иу ын загъта: ”Нæ уыныс, цы адæмы ’хсæн цæрыс? Уыдоны дæ хорздзинад нæ хъæуы. Хæрзгæнæг хорз никуы ссардта. Хæрзтæ бирæ нæ цæрынц, æмæ дæхи зон, дæхицæн цæр”. Афтæ сайдта лæппуйы, галиу фæндагмæ йæ ардыдта.

Лæппу йæ кары бацыдис, слæг ис. Йæ хорздзинад дæр зындис, йе ’взæрдзинад дæр. Стыхстис бынтон йæ хæйрæджы хайæ æмæ иу хатт загъта: ”Ай мæ уд у, æмæ мæ бон куы нал у!” Райста йæ фыдæлты карз хæцæнгæрзтæ: æгъдау, æфсарм, уаг æмæ йе ’взæрдзинæдтимæ тох кæнын райдыдта, фæуæлахиз сыл ис. Æриста йæ хæйрæджы хайы йæ уæхскæй, сбаста йæ æндон бæндæнтæй, ныккодта йæ йæ къахы бын. Уæддæр æвзæрдзинадæн бынтон фесафæн нæй, фæлæ йæ нал уагъта уæлæмæ скæсын.

Рахызт уæд лæппу йæ талынг уатæй, ракастис Хуыцауы дунемæ, æмæ мæнæ — диссаг! Бæстæ батар ис! Адæмæн се ’взæрдзинад сæ хорздзинадыл фæуæлахиз! Хæлынбыттырты сау базыртæй ницыуал зындис. Сау базырты ’хсæн ма-иу урс базыр кæмдæрты ферттывта. Уæд загъта лæппу: ”Æвæццæгæн, нæ фæстаг бон æрцыдис”. Æмæ уалынмæ хæхбæсты стыр арт ссыгъдис. Фæкасти уыцырдæм лæппу æмæ загъта: ”Уырдæм ма куы фæхæццæ уаиккам, уæд кæд аирвæзиккам”.

Æмæ уæд уыцы сау уылæнтæй цалдæр адæймаджы сæ фæллад зæды хæйттæ сæ базыртыл систой æмæ сæ арты раз æрбадын кодтой.

Уыцы арт разындис Рекомы сыгъдæг Рухс. Реком йæхи куы ссыгъта, уæд уыцы арт схæццæ ис уæлæрвтæм, æмæ байгом сты Хуыцауы дуæрттæ. Кæсынц, æмæ уыцы дуæрттæй фыццаг рахызт Уастырджи йæ урс æфсургъыл, стæй Хуыцауы сконд иннæ зæдтæ. Тæхын райдыдтой уыдон, æмæ Рекомы раз æрбадтысты. Арт куыд къаддæр кодта, афтæ йæ фæныкæй сыстади Ирон Адæмы Фарн. Æрлæууыди Уастырджийы комкоммæ, йæ сæр æруагъта.

Уастырджи йын бауайдзæф кодта: ”Цавæр цæсгомимæ ма нæ агурыс? Хуыцауы табуйаг зæххыл куы сыстырзæрдæ сты дæ байзæддæгтæ, уæд ма цы цæсгомæй хойыс Хуыцауы дуар? Фен-ма уæртæ дæ байзæддæгты, се ’взæрдзинадмæ ма сын акæс! Куыд æнæхатырæй цæрынц. Рухс кувæндæттæ куы ферох кодтой! Се ’хсæн сыгъдæгдзинад куы нал ис! Уæд ма нæм цы цæсгомæй дзурыс?”

Уæд загъта Фыдæлты Стыр Фарн: ”Ныххатыр нын кæнут, Хуыцау, Уастырджи æмæ Хуыцауы сконд зæдтæ! Фæстаг хатыр уæ курæм. Фыдæлты хатыр бакæнут! Мингай азты дæргъы уæм ирон адæм сыгъдæгзæрдæйæ фæкуывтой, æмæ нæ фæдонтæн мах хатыр бакæнут. Радтут сын бар. Кæд адонæй ницыуал рауайа, уæддæр, сæ фæстæ цы фæлтæртæ базайа, уыдонмæ кæд хуыздæр æгъдау уаид. Табу та кæндзысты, æфсарм зондзысты, лæгдзинад сæм уыдзæн”.

Систа Фыдæлты Стыр Фарн йæ къухтæ хурыскæсæнырдæм. Уæд Уацамонгæ февзæрдис йæ къухты, æмæ скуывта: ”О, Дунескæнæг Иунæг Кадджын Хуыцау! Ныххатыр кæн де ’вджид, де уазæг адæмæн. Фæстаг хатыр нын бакæн! Ратт нын де сфæлдыст Иры зæххыл фæрнæй цæрыны, дæ табуйаг кувæндæттæм куывды цæуыны бар!”

Иры Фарн бакуывта Уастырджимæ дæр: ”Гъе, Бæрзондылбадæг, тæхгæ-нæргæ Уастырджи! Курæм дæ, мах куыд рæствæндаг уыдыстæм, афтæ рæствæндаг куыд уой нæ фæсивæд дæр, уыцы хорзæх сын ракæн! Архайдзыстæм не ’ппæт дæр, цæмæй уыцы ног фæсивæд дæ кадджын номæн кувой æмæ сæ царды фæндæгтыл иннæ адæмты ’хсæнмæ ирддзинад хæссой”.

Бакуывта Мады-Майрæммæ дæр: ”О, Сыгъдæг Мады-Майрæм! Æруадз нын хорз зонд нæ сылгоймæгтæм, сæ тæны цы сывæллæттæ æвзæрой, уыдон кæрдты амæттаг куыд ма кæной, рухс дунемæ сæ куыд уадзой, æмæ сын се ’хсыры хуыпп куыд ма ’вгъау кæной”.

Бакуывта зæдтæм дæр: ”Æргом зæдтæ! Курæм уæ, Хуыцау уын цы бирæ хорздзинæдтæ радта, уыдонæй мацы бавгъау кæнут нæ байзæддæгтæн. Сыгъдæгзæрдæйæ уын цы кувинæгтæй кувой уæ рухс кувæндæтты, уыдон уын-иу барст уæнт. Цы хорзæхтæ уæм ис, уыдонæй та-иу хайджын кæнут уæ кувæг адæмы”.

Афтæ фæкуывта Иры Стыр Фарн Мыкалгабыртæм, фæкуывта Хурты Хурзæринмæ дæр: ”О, Хурты Хурзæрин! Фыдæй-фыртмæ де скæсæнмæ кувæм не Сфæлдисæгмæ. Курын дæ, срухс нын кæн нæ арф кæмттæ, сирд нын кæн нæ талынг уæттæ, æртайын нын кæн нæ салд зæрдæтæ!”

Хуыцау байхъуыста Ирон Адæмы Фарнмæ æмæ сæхгæдта арвы дуæрттæ. Æмæ райстой Иры Фарны куывд Уастырджи æмæ Хуыцауы сконд зæдтæ. Стахтысты бæрзæндтæм, сæ кувæндæттæм æмæ та ногæй æнхъæлмæ кæсынц сæ кувæг адæммæ: кæд та райдайдзысты кувын сыгъдæгзæрдæйæ, кæд та раздахдзысты се ’ргом сæ рухс кувæндæттæм, кæд та райсдзысты сæхимæ сæ фыдæлты фарн…

Ирон Адæмы Фарн йе ’ргом раздæхта Ирыстоны байзæддæгтæм, йæ Хуыцауы хаимæ ма сæ чи цæры, уыдонмæ, æмæ сын бафæдзæхста, цæмæй се ’хсæн иудзинад уа, уый тыххæй сæ кæй хъæуы æмзондæй бакусын, æмæ иумæ æппæт мыггæгтæй саразын Иудзинады мæсыг, йæ фарсмæ та — Иудзинады къона. Æмæ уæд уыцы къонайы æрцæрдзæн Ирон Адæмы Фарн, æмæ афтæмæй Хуыцауæй лæвæрд табуйаг зæххыл базондзысты Иры ног фæлтæртæ фыдæлты æгъдауимæ хæларæй, уарзонæй цæрын.

**Фæдисон**

## Рецепты осетинской кухни

### КУКУРУЗНЫЙ ЧУРЕК
*(Кæрдзын)*

Просеянную кукурузную муку залить подсоленным крутым кипятком и тщательно перемешать, побрызгать холодной водой и еще раз вымешать руками до получения однородной мягкой эластичной массы. Разделить тесто на желаемые части, придать им округло-приплюснутую форму. Смазать со всех сторон водой (иначе кæрдзын может потрескаться). Выпекать в горячем духовом шкафу. Чурек вкусен в горячем виде.

Подают с сыром, молоком, сколотиной и ко всем блюдам вместо хлеба.

### МАМАЛЫГА
(Сир)

***Мука: кукурузная — 200 г,***
***пшеничная — 50 г,***
***Сыворотка — 400 г,***
***Масло топленое — 50 г,***
***Сахар — 30 г.***

Сыворотку (не очень кислую) влить в чугунную кастрюлю (казанок), поставить на слабый огонь и дать закипеть, посолить.

Просеять кукурузную муку мелкого помола и маленькими порциями засыпать в сыворотку, непрерывно помешивая деревянной ложкой или веселкой. Продолжать варить на слабом огне до получения однородной эластичной вязкой массы слегка кремоватого цвета. За 5-7 минут до снятия с огня добавить немного просеянной пшеничной муки и варить до полной готовности. В горячем виде выложить на тарелки, смачивая ложку в топленом горячем масле, разровнять поверхность, придавая ей округлую форму. Посередине сделать углубление и влить в него топленое масло, посыпать сахаром.

Подавать в горячем виде.

*(Из книги З.В.Кануковой ”Традиционная осетинская пища”)*



## Æмбисæндтæ

**Уæздандзинад æмæ æгъдау рæстдзинадыл баст сты.**

***

Æнæуувæнк æууæнкджыны дæр йæхи хуызæн æнхъæлы.

***

**Æппæтæй дæр ис бамбæхсæн, худинагæй бамбæхсæн нæй.**

***

Асинæн йæ уæллаг къах — бинæгтæн æлдар.

***

**Ай дын — бæрдын, ай дын — хъуылæг, æмæ нын нæ цæгъдинагæй царв сцæгъд.**

***

Кæд къæбырттæг нæ бахордтой, уæд сæ дзыхтæ сау цæмæн сты?

***

**Нарты Уырызмæг зæгъ — æмæ цард цæуа, Сатана зæгъ — æмæ бæркад цæуа!**

***

Лæг йæ гуыбыны фæдыл куы цæуа, уæд йе ’гъдау æмæ йæ кад бахæрдзæн.

***

**Æфсарм кæм ис, æгъдау дæр уым ис, æгъдау кæм ис, кад дæр уым ис.**

## Ныв гæнæджы цæстæй



***— Хорз лæг, чъынды ма у, мæ нуазæн фыдджыны карстимæ зынаргъдæр у!***

**СЛАНТЫ Русланы конд ныв**

ИУДЗИНАД
Учредитель ООО “Сэвэр”

Редактор Аслан СЛАНОВ

Тираж 999
Заказ № 785
Время подписания в печать:
по графику — 19.00.
фактически — 18.00.
Бесплатно

✓При перепечатке материалов ссылка на “Иудзинад” обязательна.
✓Мнение редакции не всегда совпадает с мнением авторов.
✓Ответсвенность за достоверность материалов несут авторы.

Адрес редакции и издателя:
362040, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Маркова, 28.
Тел.: 50-12-24.
email: iudzinad2014@mail.ru сайт: www.iudzinad.ru

Отпечатано в АО “Осетия-Полиграфсервис”
Адрес типографии: РСО-Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.